ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭХЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№133 (23.291) ● 2016 гъэм бадзэуэгъуэм (июлым) и 13, бэрэжьей ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Урысей Федерацэм и Правительствэм и Унафэщ Іым и къуэдзэ Дворкович А. В., Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Ю. А. сымэ лэжьыгъэ Іуэхуки Москва щызэхуэзащ

Дыгъуасэ лэжьыгъэ Іуэхуки Москва щызэхуэзащ Урысей Федерацэм и Правительствэм и Унафэщ Іым и къуэдзэ Дворкович Аркадийрэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрийрэ.

ЗЭІУЩІЭМ щытепсэлъыхьащ республикэм и турист-рекреацэ комплексым зегъэужьыным, щыналъэ гъэугуэсм ящыщ Іыхьэ федеральнэ мылъкум хэгъэхьэным, «Налшык» аэропортыр егъэфІэкІуэным ялыщІа Іуэхухэм. Иджыпсту аэропортым щауэуэ метр зэбгъуэзнатІэ 10520-рэ къыдэрыкІ вокзал комплексыщІэ. Ауэ зэрыщыту аэропортыр къэгъэщІэрэщІэжьын (иджырей кхъухьлъатэхэр тэмэму щытІысын хуэдэу лъэтапІэ губгъуэм къыхагъэхъуэн) папщІэ мы ухуэныгъэр «Урысейм и транспорт системэм зегъэужьыныр (2010 - 2020 гъэхэм)» федеральнэ программэ хэхам хамыгъэхьэу хъунукъым. Апхуэдэ Іуэхур даІыгъщ УФ-м ТранспортымкІэ и министерствэм, Хьэуа транспортымкІэ федеральнэ агентствэм, гъэзэщІакІуэ властым и адрей зыхуэфащэ органхэми.

Мы Іуэхуэхэр УФ-м и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэми зэрыфІэтэмэмыр къиГъэлъэгъуащ. Аэар дэгъэкІыным-кІэ федеральнэ центрыр дэІэпыкъуэгъу хъунущ.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іанэ.

● Ди жылэхэр

ХьэблэщІэ яухуэнущ

Налшык къегъэщІылІа жылагъуэхэм я нэхъ дахэу жытІэкІэ дыщыуэнкъым Хьэсэнейр.

ЗИ ХЪУРЕЯГЪЫР мэзу къекІуэкІ мы щІыпІэм и теплъэр нэхъри егъэфІэкІуэным я зэфІэкІ псори ирахьэлІэ къуажэ администрацэми а щІыпІэм щІпсэу хьэрычэтщІакІуэхэми. Жылагъуэ администрацэм и Іэтащхьэ Азаматов Къайсин дыззрыщигъэгъуэзамкІэ, Хьэсэней дэсхэр зыщыгуфІыкІыпхъуэ зы Іуэху щыІэщ: дызыхуэкІуэ зэман гъунэгъум а щІыпІэм щаухуэнущ унагъуэ 300 щыпсэуну хьэблэщІэ - «Ак-Тау» (бгы хужь жыхуиІэщ). Абы Іэмал къаритынущ унэкІэ гугъу ехь унагъуэхэм, псом хуэмыдэу унэгъащІэхэм ядэІэпыкъуну.

«Хьэблэщ Іэм къыдэкІуэу си хъуэпсапІэ нэхъ инхэм ящыщщ ди гъуэгугъэр зыхуэй хуэгъаззэныр, - жеІэ унафэщ Іым. Мы гъэм абы делэжьыну къыдэхъуІэнукъым, мылъкур къыззрыдэмэщІэкІым къыхэкІыу, ауэ куэд мыщІэу а Іуэхуэр зэфІэдгъэкІынущ».

ШЭРЭДЖ Дисэ.

● Прохладнэ щІынатІэ

Сабийхэр зэрагъэцІыху

Солдатскэ жылагъуэм и гъэмахуэ лагерым зыщызыгъэпсэху цІыкІуэхэр Альтуд дэт курыт школ №2-м щылажьэ лагерым щыхьэщІащ.

САБИЙХЭМ я зэлущІэр гукъинэжу екІуэкІащ. Ахэр къэфащ, джэгуащ, театр теплъэгъуэ цІыкІуэхэр ягъэлъэгъуащ. Ауэ псом нэхъри нэхъ гъэщІэгъуэнт Іэпщ Іэлъапщ Іэным дихьэхэм я Іэкі яГъэхьэзырыжьа хьэпшыпхэм я гъэлъэгъуэныгъэр. «Къамылым кхъыщІыкІа удз гъэгъа», «ТхьилъмпІэм кхъыщІыкІа удз гъэгъа» дерсхэм цІыкІуэхэр едэІуащ яфІэгъэщІэгъэну. ХьэщІэхэмрэ бысымэхэмрэ папщІэ Альтуд лагерым и пщафІэхэм яГъэхьэзырат «Дэ дыззкъуэтщ» жиІэу зытетха тортышхуэ.

Ди щІынальэм щыпсэу сабийхэр зэрыГъэщІыхуным трауха «Дружбой едины» Іуэхуэр Къэрэгъэш къуажэми щекІуэкІащ.

ЖАНХЪУЭТ Зуэ.

● Бахъсэн щІынатІэ

ДиІэр тщІэн папщІэ

Мэкъумэш Іэнатіэ мыинхэм зегъэужьыным къэралым хуищІ гулъытэм хэхъуэ зэпытщ. Мы Іуэхумкіэ мыхьэнэшхуэ иІэнущ урысейпсо мэкъумэш къыхэтхыкІыныгъэхэр тэмэму щегъэжІуэкІыныкІыжу.

БАХЪСЭН щІынальэм мэкъумэш къыхэтхыкІыныгъэхэр тэмэму щегъэжІуэкІыныкІыжу. Іуэхуэ зыхь Къунаш Анатолэ дыззрыщигъэгъуэзамкІэ, Іуэхур хъарзынэу ІокІуэкІ, жылагъуэдэсхэм къагуроІуэ абы и мыхьэнэр.

«Унащхьэчэзууэ ди цІыхухэм къыззхакІуэх, ямыгъуэтахэм зыхуагъэзэн папщІэ етІуанэу, ещанэу щытрагъазэ къэхъуу. ЦІыхухэм йопсалъэ, я упщІэхэм жэуап ират.

ЛЪОСТЭН Музэ.

● ГуфІэгъуэ зэхыхьэхэр

ГъащІэм и унафэр

Ректор Щоджэн Ахьмэд и гъусэу - фэеплъ сурэт.

Кооперацэм, экономикэмрэ правэмрэ щыхьрагъаджэу Белгород дэт университетым Налшык къалэ щиІэ институтым иджыблагъэ Іэтауэ щагъэлъэпІащ мы гъэм а еджапІэр къэзыуха студентхэм я гуфІэгъуэ махуэр. Абыхэм иратыжащ зрагъэгъуэта Іэщ Іагъэм щыхьэт техъуэ тхылъхэр. Зэхыхьэр къыззригъэпэщащ университетым и унафэщ Іым гъэсэныгъэ лэжьыгъэмкІэ и къуэдзэ Хьэфыщ Іэ Эльмирэ.

ЗЭХУЭСЫМ къарагъэблэгъащ КъБР-м щІыхь зиІэ и юрист Мэремкъуэ Арсен, Къэббалъкъэпотребсоюзым и унафэщІ Гындыгъу Заур, «Сату зэкъуэтыныгъэ» профсоюзым и пашэ Бекъалды Маритэ, мы еджапІэр ипэкІэ къэзыуха, КъБР-м и ЩІалэгъуалэ палатэм щ Іэ Шестирублёв Сергей, «М.видео» тыкуэнщхуэм и бухгалтер нэхъыщхьэ Ибрагимовэ Маргизет, Урысей Федерацэм щІыхь зиІэ и артист Машло Алий, мы еджапІэ нэхъыщхьэр ипэ дыдэу къззыухахэм ящыщ Кумыщ Иринэ сымэ.

Зэхыхьэм ипэу псалъэр щратащ институтым и унафэщІ, профессор Щоджэн Ахьмэд. Ар къекІуэлІа псоми - хьэщІэхэми адэанэхэми - гуапэу екъуэхъуащ. Иужькіэ студентхэм захуигъазэри яжриІащ:

- Нобэ фэри дэри ди гуфІэгъуэ махуэщ, гугъу зыщІеврэгъэхьам къыпэкІуэ щІыхьэт тхылъхэр къыкфІэрыхьэжащ, гъащІэм нэхъ кууэ щІыхькъуэ хэфнащ, ауэ щІыхькІи ди гур тІэкІу къоузыкІ, апхуэдизу ипсэ бжыгъэкІэ зы унагъуэм хуэдэу дыззхэтауэ, дызэсауэ, мыбы фыщІэмысыжу дыкъызззрыщІыхьэнум ущегупсыскІэ. Ар дэркІэ хьэлъэщ, ауэ аращ гъащІэм и унафэр. Сэ сыхуейщ дэтхэнэ зыми фи мурадыфІхэр къыдэхъуІэну, фи щІэныгъэм и хъер фльагъуну, фи гумызагъэ Щоджэн Ахьмэд щапхъэ нэсщ егъэджакІуэхэми студентхэми ди дежкІэ.

Мы гъэм институтыр диплом пльыжькІэ къаухащ Аргъэщокъуэ Джупанэ, Ашэбокъуэ Азрэт, Таукенов Іэсият, ЛІымахуэ Мадинэ, Бицировэ Джамилие, Рулло Марие сымэ. Абыхэм дипломхэр яритыжащ Гындыгъу Заур. ИужькІэ псоми зэгъусэу сурэтхэр зытрагъэхащ.

- Ди студентхэм я ехъулІэныгъэхэм дрогушхуэ икІи дропагэ егъэджакІуэхэр. Дигуми ди псэми къабгъэдэкІуу абыхэм дохъуэхъу адэкІи я Іуэху ефІакІуэу, лъагапІэщІэхэр къащтэфу псэуну, - жиІащ Хьэфыщ Іэ Эльмирэ, псалъэ щратым. - КІэхъэзгъэщІуэну сыхуейщ еджапІэ нэхъыщхьэм диІэ ехъулІэныгъэмкІэ фІыщІэ ин ди институтым и пашэм зэрыбгъэдэлъыр. Лэжьыгъэм и къызэрэпэщакІуэ щыпкъэ, унафэщІ адэ-анэхэм яхуэфащэу дунейм фытетыну, гъуэгу махуэ фытехьэну.

Хъыбар гуапэхэр щызэхуэхьэса къыдэкІыгъуэ

● Щ Іэ

Мэз Сусаннэ зи редактор нэхъыщхьэ «Личный акцент» журналым и еплІанэ къыдэкІыгъуэр дунейм къытехьащ.

ЖУРНАЛЫМ и ипэ напэкІуэцІым тетщ ди хэкуэгъу актрисэ икІи режиссёр Жэман Амина и сурэтымрэ абы и «Человек кино» фильмыр Нью-Йорк къызэрыщыдэкІам теухуа хъыбар гуапэмрэ.

Апхуэдэу журналым ихуащ СССР-м, РСФСР-м, КъБР-м я щІыхьэ артист, УФ-м и Къэрал саугъэтымрэ Глинкэ и цІэр зезыхьэ саугъэтымрэ я лауреат, Санкт-Петербург щІыхь зиІэ и цІыху, а къалэм и къэрал филармонием и художественнэ унафэщІ, дирижёр щэджащэ Темыркъан Юрий илъэс 75-рэ щрикъум иритхьэлІэу «За заслуги перед Отечеством» орденым и I нагъыщэр УФ-м и Президент Путин Владимир къызэрыуигъэфэщам теухуа тхыгъэр. КъыжьІапхъэщ, а орденым и адрей нагъыщэхэр Темыркъан Юрий нэхъапэІуэкІэ къызэрыратар.

КъыдэкІыгъуэм итщ КъБР-м и цІыхубэ сурэтыщІ КІыщ Мухьэдинрэ абы и щхьэгъусэ икІи и менеджер Мосс Жаклинрэ, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ, «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ, жылагъуэ лэжьакІуэ Хьэфыщ Іэ Мухьэмэд, УФ-м и цІыхубэ артист Тут Заур, адыгэ усакІуэшхуэ КІуащ БетІал сымэ ятеухуа тхыгъэхэр. Апхуэдэу журналым щыгъуазэ дещІ тхыдэ щІэныгъэхэм я доктор, профессор Бгъэжьнокъуэ Барэсбий и «Адыгэ хабзэ» тхылъым цІыхугъэм, нэмысым, акъылым, лЫгъэм, напэм я мыхьэнэм теухуауэ ихуахэм.

Къжьыгъэ Іапхъэщ, дахагъэм, къабзагъэм, узынщагъэм кІэлъыплъ, пщыІэн зыфІэфІ бзыльхъугъэхэм къахуэщхьэпэн куэд мы къыдэкІыгъуэм къызэрыщагъэтынри.

ТЕКІУЖЬ Заретэ.

● Дзэ къулыкъу

ЩІыхуэм щхьэщатыкІыр хуагъэмащІэ

2016 гъэм бадзэуэгъуэм и 7-м щыщІэдзауэ Хъумапі э банкым кІэриГъэхуащ «Дзэм хэтхэм я ипотекэ» Іыхьэм хиубыдэу дзэм къулыкъу щызыщІэхэм къыІах кредитхэм процентКІэ щхьэщатыкІ ахъшэм.

«ДЗЭМ хэтхэм я ипотекэ» - «ПсэупІэ хьэзыр къащэхуныр», «Дзэм хэтхэм я ипотекэ» - «Ящхуэ псэупІэхэр къэщэхуныр» жыхуаІэхэм хиубыдэу къыІах кредитым щхьэщатыкІыр процент 0,5-кІэ яГъэмэщІащ икІи зы илъэсым хуэзэу процент 12-м нагъэсащ. УхуэныгъэщІэхэм яхуэгъэзауэ банкым иригъэкІуэкІ лэжьыгъэм хиубыдэу ят ахъшэм щхьэщатыкІри процент 0,6-кІэ нэхъ мащІэ ящІри, илъэсым процент 12,9-м нэсу къРагъэхащ.

«Ипотекэм пыщІауэ ят щІыхуэхэм дяпэкІи кІэрыхунущ, - жеІэ ХъумапІэ банкым и къудамэм и унафэщІ Алымовэ Наталье. Адрей ипотекэ щІыхуэхэм щхьэщатыкІхэри дызэрыт маззм къриубыдэу нэхъ мащІэ хъунущ».

А псоми къадэкІуэу 2016 гъэм бадзэуэгъуэм и 16-м щегъэжьауэ адрей потребительскэ кредитхэм я уасэ-ри нэхъ мащІэ ящІ, абыхэм щхьэщатыкІым и проценти 2-м нэс кІэрагъэху.

А псори цІыхухэм я дежкІэ щІэгъэкъуэныщхуэщ, Урысейм и ХъумапІэ банкым и Къэбэрдей-Балъкъэр Іуэхущ Іапэм псэупІэ зыщІэху цІыху 360-м щІигъум щІы- хуэу сом мелуан 500-м нэблагъэ зэраритар къэплъытэмэ.

Урысейм и ХъумапІэ банкым и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм и пресс-Іуэхущ Іанэ.

● Дыгъуасэ

Сурэт зэрытрахыу щыта пэсэрей Іэмэпсымэхэм я гъэлъэгъуэныгъэ

Ди газетым зэрытетащи, ди лэжьагъу сурэттех Къарей Элинэ зэхуихьэсыжа пасэрей сурэттеххэр щагъэлъагъуэ модельер, дэрбэгр Сэралъп Мадинэ и Арт-Центрым.

СЭРАЛЪП Мадинэ и псалъэм къыхигъэщащ Сурэттеххэм я урысейпсо махуэм ирихьэлІэу выставкэр къызэрызэрагъэпэщар. Утыку кхрихьа пасэрей сурэттеххэм Элинэ щІигъужащ абыхэм я тхыдэм дызэрыщигъэгъуазэ тхыгъэхэри. КхрихьэлІахэм гъэщІэгъэн тщыхьащ сурэт зэрытрах Іэмэпсымэм и къекІуэкІкІар. Сурэттеххэм, а Іэщ Іагъэм дихьэххэм Іэмал фиІэщ гъэлъэгъуэныгъэ гъэщІэгъуэным фелПъыну.

БЖЬЫХЪЭЛІ Роззэ.

НОБЭ

♦Черногорием и къэралыгъуэм и махуэщ. 1878 гъэм бадзэуэгъуэм и 13-м Берлин конгрессым Черногориер къэралыгъуэ щхьэхуиту зэрыщытыр къиЛъытащ. 1941 гъэм бадзэуэгъуэм и 13-м Черногорием къыщызэрыІэтащ фашизмэм, нацизмэм я бий цІыхубэр. А къэхъукъащІэхэращ лъабжьэ хуэхъуар нобэ къэралым щагъэлъапІэ махуэшхуэм.

♦Къэзахъстаным шынагъэншагъэмкІэ и органхэм я лэжьакІуэхэм я махуэщ

♦1697 гъэм Камчаткэ щІыналъэр Урысей къэралыгъуэм къыхьыхащ.

♦1728 гъэм урыс хыдзэлІ Беринг Витус зекІуэ ежьащ. Камчаткэм и Іуфэм щежьэри, абы ищхьэрэкІэ иунэтІащ. А экспедицэрщ къыщыхутар Америкэмрэ Азиемрэ яку псы дэжьпІэ зэриІэр. Нэхъ ижьыІуэкІэ абы Беринг и цІэр фащауэ щытащ.

♦1882 гъэм Москварэ Петербургрэ япэ телефон станцэм лэжьэн щыщІадзащ.

♦1908 гъэм Лондон IV Олимп джэгухэр къыщызэІуахащ. Абы япэ дыдэу цІыхубзхэри щызэпеуауэ щытащ.

♦1923 гъэм Лос-Анджелес пэмыжьыжьэ Маунт-Ли бгы нэкІум «Голливуд» псалъэ цІэрыІуэр тратащ.

♦1930 гъэм Монтевидео (Уругвай) къыщызэІуахащ футболымкІэ япэ дунейпсо чемпионатыр. Къэрал 13-м я командэ къыхэхахэр хэтащ абы икІи Уругвайр чемпион щыхъуащ.

♦1944 гъэм советыдзэхэм Вильнюс къаларэ нэмыцэфашист зэрыпхъуакІуэхэм къыІэщІагъэкІыжащ.

♦1990 гъэм къызэрагъэпэщащ Урысей Федерацэм и Банк нэхъыщхьэр.

♦Театрымрэ киномрэ я актёр цІэрыІуэ **Пуговкин Михаил** къызэралъхурэ илъэс 93-рэ ирокъу.

♦Урысей актёр цІэрыІуэ, УФ-м и цІыхубэ артист **Новиков Борис** къызэралъхурэ илъэс 91-рэ ирокъу.

♦Хэку зауэшхуэм хахуэу хэта совет тхакІуэ цІэрыІуэ, РСФСР-м Горькэм и цІэр зэрихьэу щыІа Къэрал саугъэтыр зрата **Пикуль Валентин** къызэралъхурэ илъэс 88-рэ ирокъу.

♦Адыгэ усакІуэ, тхакІуэ, журналист **Брай Адэлбий** къызэралъхурэ илъэс 79-рэ ирокъу.

♦Сурэтыщ І-график **Пащт-Хъан Алим** и ныбжьыр илъэс 44-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык уэфІу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 27 - 28-рэ, жэщым градус 16 - 18 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар **ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэщ.**

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Хабзэр убзэ зыфІэщІым хуэпщІэнум и ныкъуэр къегъанэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и комитетхэм хэтхэм зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным и Іуэхуки Іэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Регламентым и 22-нэ статьям ипкъ иткІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещІ:**

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутат Мэремыкъуэ Сэфарбий Хьэбас и къуэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Бюджетымкіэ, налогхэмрэ финансхэмкІэ и комитетымрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Экономикэмкіэ, инвестицэхэмрэ хъэрычэтыщІэ лэжьыгъэмкІэ и комитетымрэ хэгъэхьэн.

2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутат Мэшыкъуэ Барэсбий Мурид и къуэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Промышленностымкіэ, транспортымкІэ, связымрэ гъуэгу хозяйствэмкІэ и комитетымрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Хабзэмрэ хабзэр хъумэнымкІэ и комитетымрэ хэгъэхьэн.

3. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутат Хьутат Хьэсэн Хьэчим и къуэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Экономикэмкіэ, инвестицэхэмрэ хъэрычэт лэжьыгъэмкІэ и комитетымрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Бюджетымкіэ, налогхэмрэ финансхэмкІэ и комитетымрэ хэгъэхьэн.

4. Мы Унафэм къару егъуэт къыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ І ЕГОРОВЭ Татьянэ

Налшык къалэ
2016 гъэм мэкъуауэгъуэм и 29-м
№519-П-П

Дауэ ягъэзащIэрэ къалэнхэр?

● Узыншагъэ

«Узыншагъэр хъумэнымкIэ къэрал политикэр егъэбжIыкIуэным теухуауэ» УФ-м и Президентым 2012 гъэм накъыгъэм и 7-м къыдигъэкIа унафэр гъэзэщIэнымкIэ щыIэ, Іуэхущ1апIэ зэхуэмыдэхэм я лIыкIуэхэр зыхэт лэжьакIуэ гупым эн чэзу зэIущIэр иджыблагъэ иригъэжьагъ.

АБЫ щытепсэлъыхьакъ жьэн узыфэм зэрелэзэ Iэмалхэм. ЗэIущIэм хэтащ Жьэн узыфэм щIэзэ республикэ диспансерым и дохутыр нэхъыщхьэ КIэбышэ Валерэ, Урысейм и ФСИН-м и санчасть №7-м и унафэщI Тэтэр Заирэ сымэ.

Фтизиатр IэнатIэм республикэм 1970 гъэхэм зыщиужьащ, ауэ иужьрей зэманым ар къэрал гупытэ хуэныкъуэ хъуащ. Республикэ унафэщIхэри а Iуэхум нэхъ жыджэру яужь щIихьари а щхьэусыгъуэращ. Псалъэм папщIэ, жьэн узыфэм зэрелэзэ хущхьуэхэм-рэ бактерие лIэужьыгъуэхэр зыгъэкIуэдхэмрэ иужьрей къэс федеральнэ ахъшэкIэ къащIэу. А Iуэхум щхьэкIэ республикэм сом мелуани 6 и уасэ Iэмэпсымэхэр къащIэхуащ. «КъБР-м узыншагъэр хъумэным зыщегъэужьын» къэрал программэмкIэ 2014-2015 гъэхэм псори зэхэту сом мелуан 87-м щIигъу зытекIуэда медицинэ Iэмэпсымэу 328-рэ къащIэхуащ.

Іуэхущ1апIэм и инженер коммуникацхэм елэжьын папщIэ, 2015 гъэм республикэ биоджетым сом мелуан 18 къыхагъэкIащ. Мы гъэм я мурадщ Налшык къалэ дэт поликлиникэ №2-м стационар флюорографым хуэдэ Iэмэпсымэ иратыну, диспансерым хущхьуэхэр, операцэ щащIым къащхьащIу уэздыгъэхэр къыхуащIэхуну.

Республикэ унафэщIхэм фтизиатр IэнатIэм зэрызэгъэгъэужьам и фIыгъэкIэ 2015 гъэм процент 14,2-кIэ нэхъ мащIэ хъуащ жьэн узыфэм иIыкIхэм я бжыгъэр. Мы гъэм и ятэ мазитхум я бжыгъэр нэхъри ехуэхащ - процент 23-кIэ.

ЗэIущIэм къыщыхагъэщащ зыхуей хущхьуэхэмкIэ къызэрэпэщыныкъэ жьэн узыфэ зиIэхэм я шхыныкъэ тэмэму кIэлъыплъын зэрыхуейр.

2016 гъэм и ятэ илъэс ныкъуэм кърикIуэхэм теухуауэ КъБР-м и къэрал чэнджэщэгу Къэрмокъуэ Хьэчим республикэм и щIыпIэхэм щригъэкIуэкIа зэIущIэхэм щагъэува къалэнхэр зэрагъэзащIэм тепсэлъыхьащ Май, Аруан, Прохладнэ районхэм я лIыкIуэхэр.

Псори зэхэту къэбгъэльэгъуэмэ, 2016 гъэм и ятэ мазитхум Къэбэрдей-Балъкъэрым узыфэхэм иIыкIхэм я бжыгъэм щыкIэрыхуащ проценти 4,2-кIэ. Лъым епха узыфэхэм иIыкIхэр процент 12,3-кIэ, лыих узыфэхэм - процент 8,2-кIэ, машинэ зэжьэхэзэхэм хэкIуадэхэр - процент 32,2-кIэ нэхъ мащIэ хъуащ.

ЗэIущIэм щыжаIар къэлыытауэ, лэжьакIуэ гупым иубзыхуащ республикэм Узыншагъэр хъумэнымкIэ и министерствэм, муниципальнэ районхэмрэ къалэ округхэмрэ я щIыпIэ самоуправленэхэм я органхэм, район сымаджэщ нэхъыщхьэхэм хуащI пщэрылъхэр.

ЩОМАХУЭ Лилэ.

● Іуэху еплъыкIэ

Зауэм зеиншэ ищIахэр

Хэку зауэшхуэр ди текIуэныгъэкIэ зэриухэр илъэс 71-м щIигъуащ. Зауэ Іэнатіэм Іутахэми лэжьыгъэм пэрытахэми лIыхъужьыгъэ ин зэрахьащ ТекIуэныгъэр къэхьыныжьыкIэ. А зауэ угъурсызым насыпныщагъэ, ныдэлъфыгъэ куэд къытхуихьащ, нобэр къызэдэсми ди дырэкъуэхэр гъащIэм хэгъуэщIэжакъым.

ЗАУЭМ ижь зыщIимыхуа, абы имыгъэгуIа лъэпкъи унагъуи къэгъуэтыгъуейщ. Зауэр зэриухэр илъэс куэд дэкIами, абы и узыр иджыри щIыхьэхэмрэ йофыкI, ауэ ар псом нэхърэ нэхъ зытехьэлъэр зауэм фызабэ ищIахэмрэ абыхэм я бынэхэмрэщ. Зауэр къыщыхьеям Джэрмэншыкъ къуажэр унагъуэ 200-м нэсу арат. Абы щыщ щIали 176-рэ зауэ Іэнатіэм Іухьащ, Хэкум папщIэ я псэр зауэлI 95-м ятащ. Зауэ бзаджэм фызабэ ищIащ цIыхубз 59-рэ, зеиншэу къигъэнащ сабии 127-рэ.

Зауэм илъэсыкIэ ищIэ Джэрмэншыкъ къуажэ Советым къепхауэ щытащ Жэрумэкъуэ, Шытхьэлэ къуажэхэр. Жэрумэкъуэр унагъуэ 35-рэ хъурт, абы и щIалэхэу 22-рэ зауэм Іухьащ, 9-р хэкIуэдащ, фызабэу 7, зеиншэу 15 къэнащ. Шытхьэлэр унагъуэ 40 хъурт, абы щыщ щIалэ 41-рэ зауэм Іухьащ, 26-р хэкIуэдащ, фызабэу 19, зеиншэу 65-рэ къэнащ. Ди жагъуэ зэрыхъущи, фызабэ 84-ри зеиншэ 207-м ящыщу 165-ри дунейм ехьажащ. Алыхьым я ахърэтыр фIы ищI!

Фызабэхэм, абыхэм я бынхэм гугъуехьуэ яшэчар сщыгъупщэркъым, ахэр къэралым деж гулъытэншэ зэрыщыхъуам сегъэнэщхьей. Зауэм хэкIуэдахэм я фэеплъ сыным и бгъум мрамор фIыщIэм къыхэщIыкIа сын фызабэхэм щахуэдгъэуващ 2014 гъэм дыгъэгъахэм и 5-м. Ди республикэм абыхэм ятеухуауэ зы тхылъи щатхакъым, зы сыни щыхуагъэувакъым ди жылэм фIыкIа. Зауэм фызабэ ищIахэмрэ абыхэм я бынхэмрэ гугъуехьу яшэчар зымылъэгъуам и фIэщ хъунукъым.

Сэ слъэгъуащ си унагъэкIи, къуажэм дэса фызабэхэми, абыхэм я бынхэми ятелъа гъащIэ хьалъэр: тшхын, щыттIэгъэн, унэр зэрыдгъэплъын димыIэу дыпсэуащ. ГъэщIэгъуэнщ апхуэдэ гугъуехьым дыкъыхэзрелар. А зэманым щIэныгъэ нэхъыщхьэ зэхъныныр зауэм зеиншэ ищIахэм я дежкIэ хуабжьу гугъуат.

1946 гъэм ди республикэм щыIэныгъэIуахауэ щытащ еджапIэ-интернат, узыщIэсынри, пшхынри, щыптIэгъэнри, узэреджэну тхылъэри пщIэншэу къуату. Сабий зеиншэхэм, унагъуэ хуэмыщIахэм къахэкIахэм папщIэ къызэIуахами, абы щеджахэм я процент 80-м щIигъур адэ-анэ яIэу, хуэщIауэ псэуэхэм я бынхэрт. Щеджажащ абы сэ сцIыхуу партым и райкомым и япэ секретарым и къуэ, республикэм и министрым ипхъу, къалэ советым и унафэщIым и къуитI. Ди къуажэм щыщу щеджащ республикэм егъэджэныгъэмкIэ и министру а зэманым лэжьам и унэкъуэщу, хуэщIауэ псэуэхэм я щIалитI, колхозым и унафэщIым и къуэ, зи адэр зауэм хэкIуэдахэм ящыщу тIу къудей.

Ди къуажэм щыщу зауэм зеиншэ ищIа 127-м къахэкIауэ щIэныгъэ нэхъыщхьэ очнэу къэзыхьыфар цIыхуи 4-щ, заочнэу апхуэдизщ, зыр техникэ щIэныгъэхэм я кандидат хъуащ. Зэдгъэпщэнщи, зауэм къикIыжащ ди къуажэгъу зауэлI 81-рэ. Абыхэм я бынхэм ящыщу щIэныгъэ нэхъыщхьэ зэрагъэгъэтыфащ 40-м щIигъум очнэу, заочнэу 20-м щIигъум, 5-р щIэныгъэхэм я доктор, 4-р кандидат хъуащ. Абыи къеГъэлъагъуэ зеиншэхэм къэралым къахуищIа гулъытэри, цIыхухъу зыщхьэщIымытыжь унагъуэхэм, фызабэхэм, зеиншэ бынхэм я гъащIэр зэрыщытари.

1949 гъэм ди къуажэ илъэсибл адэжапIэр (курыт еджапIэ дэтакъым) грамотэкIэ къэзухри, интернатым сыщIэтIысхьэну сыкIуащ. УрысыбзэкIэ диктант, есэпыкIэ задачэ еджапIэ пщIантIэм щыдгъэтащ. Жьы къеплъу, диктантыр дзэзгъэтхым жиIэр дахэ-дахэу зэхэдмыхыу дагъэтхащ. «Экзамен едгъэтащ», - жаIэну арагъэнт, ауэ щыхъыкIэ щIэтIысхьэнухэр белджьылы къыщIэкIынт. Къэтхьа оценкэхэр кыджамыIэжу, ди тхылъхэр къыдатыкIри дыкъаутIыпщыжащ куэд. Ди нэхъыбапIэр зауэм зеиншэ ищIахэрт. «Щы» защIэкIэ фIэкIа школым щемыджэфа куэд щIагъэтIысхьауэ щытащ а интернатым, я адэ-анэхэр зыхуэзэфIэкIти...

Тхьилъхэр къыдатыжа нэужь, а интернатым и гъунэгъу педучилищэм ахэр естащ. МахуитIым экзамен 5 стыри, стипендие къэсхьу седжащ. Шхыным теухуауэ абы гугъуехьу щесхьэкIар пхужыIэнукъым. ИлъэсиплIым кърибыдэу шхапIэ, буфет сыщIыхьакъым - абы естын ахъшэ сиIэтэкъым. Унэм исх тIэкIур сшхырт, примускIэ хьэнтхъупс сщIырт. Зи адэ-анэр зыщхьащIытыр шхапIэм щыкIуэм деж, зеиншэхэр абыхэм дехьэапсэрт. Зззэмызэ пщыхьэщхьэкIэ гъущI гъузгу вокзалым дыкIуэрт, вагон дунэщIыну. Абы къыдат ахъшэ тIэкIумкIэ щыгъын къэтщэхурт, къэнар кинокIэ дгъэкIуэдырт.

Зы илъэс къэмынэу колхозхэм нартыхудэм дыщыIэт мазэкIэ, нэхъыбэкIэ. ЖэщкIэ дызыщIэлъыр фермэхэрат, шхалъэм хьэуазэ дэудауэ абы хуэпауэ дыхэлът.

Педучилищэр 1953 гъэм фIы дыдэу къэзухри сылэжьэну си гугъащ, ауэ ар си анэм идакъым. «Фи адэр зауэм щыдзэкIым, уэсрет къысхуищIащ, сыт хуэдэ гугъуехь стемыIьми, щIалищи фезгъэджэну, щIэныгъэ нэхъыщхьэ фэзгъэгъуэтыну. Абы и уэсятыр згъэзэщIэн хуейщ», - жиIащ абы. Арати Къэбэрдей пединститутым и урыс-адыгэ кудамэм сыщIэтIысхьащ икIи 1958 гъэм университет хъуауэ къэзухащ. Абы сыщыщеджам си гъащIэр тIэкIу нэхъ тынш хъуащ. А зэманми колхозхэм дыщыIащ.

1956-1957 гъэхэм я гъэмахуэхэм ВЛКСМ-м и ЦК-м и унафэкIэ щIыщIэхэм лэжьакIуэ дыщыIащ, гуэдз Іутхыжащ, Іэщ фермэхэр зэдгъэпэщащ, Іэщхэм папщIэ мэкъумылэ дгъэхьэзыращ. А зэманыращ къэралым и япэ дамыгъэ лъапIэр къыщызатар.

1958-1979 гъэхэм ди къуажэ школым урысыбзэр щезгъэджащ, 1968-1979 гъэхэм школым и унафэщIу сылэжьащ. Партым и Аруан район комитетым и унафэкIэ ди къуажэ колхозым и парторганизацэм и тхьэмадзу 1979 гъэм сагъэкIуащ. Ди школыр сыт и лъэныкъуэкIи пэрыттри, си лэжьапIэр схуэжьыну сыкуейтэкъым, ауэ партым и унафэр а зэманым умыгъэзащIэу хъунутэкъым.

1996 гъэм къыщыщIэдзауэ къуажэ ветеранхэм я советым и тхьэмадзу солажьэ. Дэнэ сыщымылэжьами, Іэнатіэр нэхъыфI зэрыхъуным яужь ситащ. Си къуажэр фIыуэ солъагъу, абы и Іуэхур нэхъыфI зэрыхъуным сыхущIыкIыну. Къуажэм и тхьидэм, абы дэс цIыхухэм ятеухауэ тхьылъиплI къыдэзгъэкIащ. СлъэкIаIамэ, си къаурэ акъылкIэ къэсхыну сыхущIэкъуащ, къэралыр нэхъ нэ лейкIэ къэзэплъакъым, «зи адэр зауэм хэкIуэдахэм ящыщщ» жиIэу.

1995 гъэм ди республикэм къыщызэрагъэпэщауэ щытащ зи адэхэр Хэку зауэшхуэм хэкIуэдахэм я зэгухьэныгъэ. Абы и къудамэхэр республикэхэми, районхэми, къуажэхэми къыщызэрагъэпэщат. Ауэ, ди жагъуэ зэрыхъущи, республикэ, районхэм унафэщIхэм я деж дэIэпыкъуэгъуи пщIэи щагъуэтакъым абыхэм, арати, илъэсиплI лэжьауэ аращ а зэгухьэныгъэр. Абы щхьэкIэ къэмынэу, 1995 гъэм къыщыщIэдзауэ мэкъуауэгъэсым и 22-р щыгъуэ махуэу идогъэкIуэкI. А махуэм къызэдгъэпэщ пэкIум къроухьэлIэ зауэм фызабэ, зеиншэ ищIахэр, зи дэлъху, зи къуэш хэкIуэдахэр, ветеранхэр, къуажэ унафэщIхэр.

Иджы сигу кьеуэр мыращ: Къэрал Думэм къыщыхалъхьэну яужь итщ зауэм и бынхэм ятеухуа Іуэху. Абы къызэщIиубыдэну агъэувыр 1927-1945 гъэхэм къалъхуахэрщ. Сэ абыкIэ сыарэзыкъым. И адэр зауэм хэкIуэдауэ, шхын, щитIэгъэн имыгъуэту, еджену Іэмал зимыIамрэ зи адэр зауэм щымыIауэ, е и насып къиуху абы псэууэ къикIыжу и быным сыткIи дэIэпыкъуэгъу зыхуэхъуамрэ зэхуэбгъэдэныр тэзэмкъым. Иужьрейхэм я бынхэм жьыр къыщепщэр ямыщIэу, щIэныгъэ нэхъыщхьэ къахьауэ, щIэныгъэхэм я доктор, кандидат хъуахэу, кулыкъу яIыгъыу лэжьахэщ, пенсэ хъарзынэ къахьу мэпсэу. Ахэр зауэм и быну убжьынкIэ емыкIущ икIи хабзэм къезэгъэрыкъым. ЯпэщIыкIэ зауэм зеиншэ ищIахэм я псэукIэр нэхъыфI щIы - ахэр мы зэманым куэд хъужьыркъым. Ельцин Борис сом мелардиблым щIигъукIэ «Центр памяти» къэралым щыхъуригъэщIыфакIэ, къулыкъущIэшхуэхэм, Думэм и депутатхэм илъэс къэс я улахуэм щыхигъэхъуэфкIэ, зауэм зеиншэ ищIахэм ящыщу кьэнэжа тIэкIум я гъащIэр, псэукIэр нэхъыфI зэрищIын мылъку къэралым къыригъэхъулIэну хуейщ.

Си тхыгъэмкIэ мыарэзыхэр къыпэджжыну хуитщ.

ЛIУП Нурхьэлий,
Джэрмэншык къуажэм и ветеранхэм я Советым и тхьэмадз, зи адэр Хэку зауэшхуэм хэкIуэда.

● Ди нэхъыжьыфIхэр

Куэдым хэзагъэ ЗекIуэрей Борис

Къармакъэблэ къуажэм щыщ ЗекIуэрей Борис «Каменномост» мэл совхозым илъэс тIощIым щIигъукIэ лэгъупэжьу щылэжьащ.

АБЫ ЗЫЗЭФIИХЫНУ, зигъэпсэхуну зэман куэд иIакъым, совхоз гуартэр хъумэным, ар бэгъуэным зэпымыуэ яужь итащ. ЛэжьакIуэгумызагъэР гъэми щIыми къыщхьэху жьыжьэм щыIащ. Зы илъэс дэкIакъым Борис мэлищэ къэс щынэу 100-120-рэ къыщIимыгъахъуэу, цIуэ килограммищ-плIы мэлым къытримыщIкIыу...

Совхозыр лъэлъэжа иужькIи ЗекIуэрейр Іуэхуншэ хъуакъым, и къуэ Мухьэмэд и гъусэу фермер лэжьыгъэм зриташ, Іэщым хьэр къыпихьэн папщIэ абы и лэжьыгъэ мытынышыр илъэскIи илъэситIкIи зэфIыхьакъым.

«Уэзгугъур къогугъуж» , жьыуаIэрати, Борис иджы, Тхьэм и фIыщIэкIэ, иIуэтэжащ. Адэмрэ къуэмрэ я гуащIэдэкIым къыпIкI хьэрым хэпщIыкIыу хэхъуащ. Мы зэманым а тIум я IэщI Іэщ1эвыщIэу 230-рэ, шыуэ 300, мэл-бжэну 150-рэ...

Борис нэхъыжьыфIщ, нэжьгужащ. ЩIэнэщхьеинури сыт - и лэжьыгъэр хъарзынэу йокIуэкI, къуэрыпхуэ-пхъурыпхуэхэм щаIуплъэкIэ и гур хохьуэ.

- Си гъащIэм ямылейуэ зыри хэслъагъуэркъым - адрейхэми хуэдэу долажьэ, допсэу, - жеIэ Борис.

И гъащIэм и ІыхьэфIыр мэлым яхэту къыщхьэхъу щызыгъэкIуа лIы гумызагъэм лэжьигъэр ноби Іэщ1ыб ищIакъым, езым къызэригъэпэщыжа «ЗекIуэрей» фермер хозяйствэм и унафэщIц. Дохъуэхъу и мурад дахэхэр Тхьэм адэкIи къригъэхъулIэну!

КЪАРДЭН Мухьэмэд.

● Туризм

Къуажэхэм зыщагъэпсэхуну къыхураджэ

«ПЕРСПЕКТИВА» фондымрэ «Культура.РФ» порталымрэ зэгъусэу къызэрагъэпэщащ къуажэ туризмэм щыхагъэгъуазэ тхылъ (http://www.culture.ru/news/I2II94/pyat-samih-privlekatelnih-selrossii). Абы хыхьащ къуажэхэм зи зыгъэпсэхугъуэхэр щызыIэкIуэну фIыуэ зылъагъуэм къыхаха турист гъэзэганэхэр. Япэ Іыхьэм къыщыгъэлъэгъащ. Териберэ, Варзуэгэ (Мурманскэ область), Вятское (Ярославскэ область), Увек (Саратов область), Эссо (Камчаткэ) къуажэхэр. Тхылъым итщ Урысейм и къуажэ телъыджхэхэм ятеухуа хъыбар гъэщIэгъуэнхэр.

- Урысейм и къуажэ туризмэр ди цIыхухэр хабзэ хъуауэ здэкIуэ зыгъэпсэхуIэхэм цIэрыIуагъкIэ екъэхуэфынущ. Ауэ абы папщIэ къуажэ туризмэм зэрызрагъэуэжьынм теухуа лэжьыгъэ зыщIэхъуэхэр щIыпIэ къулыкъущIэхэм ирагъэкIуэкIын хуейщ. Апхуэдэ щапхъэхэр диIэщ икIи ахэр къыщыдгъэлъэгъащ «Культура.РФ» порталымрэ дэрэ зэгъусэу къызэдгъэпэща проект хэхам, - жиIащ Іуэхум и жэрдэмщIакIуэ, «Перспектива» фондым и унафэщI Свинин Александр.

Абы къызэрыхигъэщамкIэ, фондым и лэжьыгъэ нэхъыщхьэхэм ящыщщ къуажэ туризмэмкIэ проектхэр къызэгъэпэщыныр жылэхэм щыпсэу щIалэгъуалэм Іэщ1агъэ яхуэхъунур къыхахыныкIэ дэIэпыкъуныр.

- «Культура.РФ» порталым урысей щэнхабзэм дихьэхэм хъыбар гъэщIэгъуэн куэд къыщагъэтынущ. Къэралым къыщыфIкIуэныр фи мураду, ауэ зэгъэльагъунухэр фымыщIэмэ, «Культура.РФ» порталыр абыкIэ сэбэп къыфхуэхъунущ. Спектаклхэм, концертхэм, выставкэхэм, фестивалхэм, махуэшхуэхэм ятеухуа хъыбархэр къыщыбгъуэтынущ «Афиша» Іыхьэм. Порталым къыщыгъэлъэгъауащ музей 2700-м щIигъу, архитектурэм, диным теухуа фэеплъхэм я сурэту 2000 щызэхуэхьэсащ, дэтхэнэми я тхыдэм щыгъуазэ хуэузыщI тхыгъэ гъэщIэгъуэнхэр ящыгъуэу. Апхуэдэу порталым щIэх-щIэхыурэ къралъхьэ Урысей и хэгъэгу зэмылIэужьыгъуэхэм ятеухуа щэнхабзэ хъыбархэр. Иужьрей лэжьыгъэхэм ящыщщ къуажэ туризмэм ущызыгъэгъуазэ тхылъыр.

Мы Іуэхур къыхалъхьащ УФ-м и Жылагъуэ палатэм иригъэкIуэкI «#отдыхаемвРоссии» урысейпсо акцэм хэту. Абы и мурад нэхъыщхьэр фIыуэ зыбгъэпсэхунымкIэ Іэмалхэр Урысейми зэрыщыIэр цIыхухэм я деж нэхъсыныр. Социальнэ сетхэр къззыгъэсэбэпхэр къыхураджэ «#отдыхаемвРоссии» жиIэу къыхагъэщу, къэралым и щIыпIэ дахэхэм я суратхэмрэ абыхэм зыщагъэпсэхуну къыщыхахым теухуа тхыгъэхэрэ зэгъусэу къралъхьэну.

ТХЬЭХУЩЫНЭ Ланэ.

● Унагъуэ

Щапхъэ трах

Мы махуэхэм къэралым щагъэлъэпIащ Унагъуэм, лъагъуныгъэм, зэхуэпэжьным я урысейпсо махуэр. Ди гуапэу фэдгъэцIыхунут Урысей МВД-м Щэрэдж щыналъэмкIэ и къудамэм щылажьэ, сабиипIым я адэ насыпыфIэ, полицэм и капитанНогеров Тимур и унагъуэр.

МИЛИЦЭМ и старшина – ведомствэм щIэмыт хъумакIуэ къудамэм и командиру 1992 гъэм щIидзащ абы лэжьэн. И къалэнхэр тэмэму зэригъэзэщIэным хущIэкъу лэжьакIуэм занщIэу гу кьылъатащ и унафэщIхэм. Іэщ1агъэ мышынышым фIыуэ щыгъуазэ зищIри,Ногеров Тимур полицэм и офицер нэхъ хъуащ, жэуапIныгъэ нэхъ зыпылъ лэжьыгъэр сыт щыгъуи дзыхь къыхуащI.

КапитанНогеров Тимур и лэжьэгъэхэмрэ и ныбжьэгъуэхэмрэ жаIэ абы зэгурыIуэ, хабзэ, лъагъуныгъэ зэрылъ унагъуэ дахэ зэриIэр. Дэтхэнэ зы цIыхуми хуэдэу, хабзэхъумэм и дежкIэ мыхьэнэшхуэ иIэщ щIыбагъ быдэ иIэныр.

Ногеров Тимур и дежкIэ апхуэдэщ и щхьэгъусэ Равидэ. Абы къыхихар гъащIэ гъусэ къудейкъым, атIэ гуфIэгъуэри гугъуехьхэри къыдигуэшыну хьэзыр щIыхуб1 губ3ыгъэщ, гуапэщ.

Ногеров зэщхьэгъусэхэм сабиипIэ яIэщ: нэхъыжь Артур илъэс 18 ирикъуащ, ар КъБКъУ-м и юридическэ факультетым щоджэ, атлетикэ псынщIэм дехьэх. Япхъу ФатIимэт (илъэс 16) Балькъэр Илщэ къуажэм дэт курыт еджапIэм и 11-нэ классым щIэсщ. Абы къыкIэлъыкIуэ Іэсият (9-нэ класс) илъэс 14 хъуащ, Іэщ1эпапщIагъэм дехьэх. Псоми я гъэфIэн я щIалэ нэхъыщIэ цIыкIу Аслъэн илъэсих хъуауэ аращ.

Щэч хэлъхьэм мы унагъуэм сабийхэр гуапагъэ, цIыхугъэ яхэлъу къызэрыщыхъунум, щапхъэ тех хъунущ.

ТЕРКЪУЛ Мартин.

● КъБР-м и прокуратурэм

Илъэси 4-рэ мази 6-кIэ ягъэтIыс

Тырныауэ къалэм щыщ цIыхухъур ягъэтIысащ, Іуащхьэмахуэ щIыналъэ судым и унафэкIэ.

Ар ягъэкъуаншэ УФ-м и УК-м и 222-нэ статьям и япэ Іыхьэм, 222.1-нэ статьям и япэ Іыхьэм, 228-нэ статьям и 2-нэ Іыхьэм, 208-нэ статьям и япэ, и 2-нэ Іыхьэхэм, 33-нэ статьям и 5-нэ Іыхьэм къыщыгъэлъэгъуа щIэпхъаджагъэхэр зэрилэжьам къыхэкIыу (шэхэр, къагъауэ Іэмэпсымэхэр, наркотик щхьэхъ куэд хуимыту зэрызэригъэпэщам, зэрихъумам, зэрызэрихьам, хабзэм къемызэгъыу зызэщIэзыузэда гупым мылъкукIэ зэрадэIэпыкъуам, зэраухуэжьыщIам папщIэ).

Судым ар къуаншэу къыпытащ икIи, прокурорым арэзы дэхъури, илъэси 4-рэ мази 6-кIэ игъэтIысащ, сом мини 10-кIэ етхьэкъуащ. Абы и тезырыр хэхауэ къуаншагъэр щагъэзэкIуэжь щIыпIэм щрихьэкIынущ.

Тхылъ нэпцIхэр зэригъэпэщат

КъБР-м и прокурорым и къуэдзэ Махуэ Артур Іэщ1дзащ республикэм щыщ, 1957 гъэм къалъхуа цIыхухъум хуэгъэзэауэ кьаIэта уголовнэ ІуэхумкIэ тхылъым.

Ар ягъэкъуаншэ УФ-м и УК-м и 30-нэ статьям и 3-нэ Іыхьэмрэ 159.2-нэ статьям и 4-нэ Іыхьэмрэ къыщыгъэлъэгъуа щIэпхъаджагъэхэр илэжьауэ (ахъшэшхуэ къыщыIихым гъэпцIагъэ зэрихьауэ).

КъызэрахутамкIэ, «Ящэ е езыхэр зэлэжьыж шэ литрым (килограммым) трагъэкIуэдам щыщ Іыхьэ мэкъумэш Іэнатіэхэм хухалъхьжьын щхьэкIэ, федеральнэ бюджетымрэ КъБР-м и республикэ бюджетымрэ я хьэкъкIэ субсидиехэр зэрат щIыкIэм и Іуэхукъэ» 2014 гъэм накъыгъэм и 15-м Къэбэрдей-Балъкъэрым и Правительствэм къищта Унафэ №95-ПП-м тету субсидие кьыИхын мурадкIэ, 2014 гъэм и етIуанэ мазищым «Виктория» ООО-м гъэшу килограмм мин 650-м нэблагъэ къыщаша хуэдэу тхылъ нэпцIхэр зэригъэпэщат. Ауэ сом мелуани 2-м нэсыр зыIэригъэхьэну хунэсакъым, щхьэхуещэм и хьэгъэщагъэр республикэм и прокуратурэм къыщIигъэщащ.

Зрагъэкъуаншэ тхылъыр къащта нэужь, Къэбэрдей-Балъкъэрым щыIэ МВД-м СледствэмкIэ и управленэм зэхигъэкIа уголовнэ Іуэхур, щыхэплъэн папщIэ, Налшык къалэ судым иратащ.

БзаджащIэм илъэси 10-м нэс къехь.

КъБР-м и прокуратурэм и пресс-Іуэхущ1апIэ.

● Адыгэхэм я махуэм ирихьэлIэу

Урыс пащтыхь гуащэ Идар Темрыкъуэ ипхъу Марие (Гуащэнэ) и пэшым зыщегъэпсэху.

Гуащэнэ сабийхэм я гъусэу.
Сурэтхэр **Бырсыр Абдулыхь** *ищIащ. 2014 гъэ*

ІэщІагъэм и щэхухэм зыщагъэгъуазэ

Журналист Іэщ1агъэм хэлъ щ1ыхэуэныгъэхэм зыщагъэгъуэзэн папщІэ, «Адыгэ псалъэ» газетым илъэс къэс къыгъхуокІуэ КъБКЪУ-м Филологиемкі э и институтым адыгэбзэмрэ литературэмкІэ и къудамэм и студент гуп.

Еллан э курсым и студентхэу Джэду Сэкинат, Хъэт1эхъу Іэсият, Дзэгъэл Аскэр, Къэлыш Алёнэ, Бэджий Жаннэ, Лъы1эщым Аминэ, Къандрокъуэ Аминэ, Пэрыт Замирэ, Хьэхъу Лианэ, Бышэн Людмилэ сымэ адыгэ пэжырытхэмрэ стилистикэмрэ я хабзэхэм, адрей предметхэм къадэкІуэу, куууэ щ1ыхуеджащ университетым. Студентхэм журналистикэм и щэхухэм ди дежь щ1агъэзэ зыщ1ыхуащ1ащ, щ1ыхуэхэм яхуэзащ, зэ1ущІэхэм кІуэурэ я тхыгъэхэр редакцэм къраХьэлІэжащ.

Я зэфІэкІэхэр ягъэунэхун и пэкІэ, студентхэм яхуэзащ «Адыгэ псалъэм» и редактор нэхъыщхьэ Хьэфы1ыс Мухьэмэд ик1и ныбжьыщ1эхэм псалъэмакъ щхьэпэ ядригъэкІуэкІащ. Апхуэдэу ахэр кІэлъыплъащ газетыр зэращ1 щ1ыкІэм, корректорхэм я Іуэху зехьэкІэм, редакцэм лжьыгъэр зэрыщ1эзэгъэувам. Нобэ ди газетым тыдодзэ практикантхэм я тхыгъэхэм щ1ыщхэр ик1и дохъуэхъу ящхьэхэм Іэщ1агъэм кУэдрэ ирилажьэну, насыпрэ ехъуІэныгъэрэ я1эну.

ЖЫЛАСЭ Маритэ,
«Адыгэ псалъэ» газетым егъэджэныгъэмрэ щ1эныгъэмкІэ и къудамэм и унафэщІ.

Къалэмыр япэу къэзыщтэхэр

Мы дунеишхуэм щ1ыхуу щ1ызекІуэм я щ1ыкІэрэ я зэхэщ1ыкІкІэ зэщхьу, зэтехуэу т1у яхэбгъуэтэнуэкъым, жаІэ. Лъэпкъэхэри апхуэдэщ. Щ1хьэж и фащэ, и щэн, и гупсысэкІэ, и Іуэху еплъыкІэ, и дуней тетыкІэ и1эжщ. Ар дыдэхэмкІи ахэр адрей лъэпкъ псоми къащ1хьэщокІ. Цыхуу Іущхэм жаІащ: «Лъэпкъым езым зимыгъэкІуэдыжмэ, нэгъуэщ1ым Іэщ1экІуэдэнукъым». Мыхэр псалъэ пэжщ, гъащІэм къыхаха акъылщ. Мы жьт1ам кІыкІыращи, ди т1асхъапІэр, иджырей зэманыр къапщтэмэ, ди анэдэлъхубзэмкІэ лъэпкъыр щэрыуэу зэрымысэлъхьыфырщ. Шхэныр щ1эркъыми, хэти уепсалъэмэ кІыгуроІуэ, ауэ псэлъэфыркъым, хэти псэлъэфыркъым, ауэ ноХъуапсэ и бзэр зригъэщ1эну. Лъэпкъым и гъащІэр зыхуэдэнур а лъэпкъым и бынхэм я зехуцыныкІэм елъытащ. Бынхэм я зэгурыІуэныгъэм, зэрылъытэныгъэм, я зэхэщ1ыкІ зэгуэтым нэхъ дахэ, кІыхь хуещІ лъэпкъым и гъащІэр.

Уи анэдэлъхубзэр пІурылъныр насыпышхуэщ

ЩІЭНЫГЪЭЛІХЭМ къахутащ: ц1ыхум сыт хуэдиз хамэбзэ имыщ1эм, фІы дыдэу я хамэбзэкъм иримыпсалъэми, ар зэрыгупсысэр, а бзэхэмкІэ жи1энри ахъылкІэ зэрызэригъэпэщ1ыр езым къыдальхуа и анэдэлъхубзэращ. Къыдальхуа и бзэращ сабийр ц1ыху зыщ1ыр, акъыл зэгъэпэща, зэхэщ1ыкІ лъагэ и1эу, зыхэтхэм ядекІуу гъащІэм хэзыгъэтыр.

Мы жьт1ам сигу къигъэкІыжащ Къэжэр Хъэмид прозэу тха и уэ «Жыгыр щ1ыщ зэрыхэтыр...» жыхуи1эр. «Пщ1э зыхуэзымыщ1ыж ц1ыхур кунэфщ. Уэ езым пщ1э зыхуэзпщ1ыжмэ, нэгъуэщ1ым я щ1эныгъэми уІэбэфмэ, а нэгъуэщ1ым яйри ууейм хэбгъэхъуэфмэ - афэрым! Армыраквэ, хамэбзэу щ1ыз псомкІи щ1ебгъэлъэлъу упсалъэми - укунфщ, уи бзэр умыщ1эжкмэ», - къыхоуц1ыхъэм.

Ауэ анэдэлъхубзэр зымыщ1э псори ц1ыхуэ зэдебгъэхъ хъунукъым. Абыхэм яхэтщ хуейуэ, псэлъэну ехъуапсэу, ахэр балигъыпІэм иуварэ адыгэбзэр яхуэмыгъэшэрыуэу. Апхуэдэхэр пфІэгъэныхь мэхъу, щ1ыхэусыгъуэ зэхуэмыдзкІэ и зэманым ямыщІа анэдэлъхубзэр иджы къаэзрыхуэмыщ1эжым къыхэкІыу. Адыгэбзэм урипсэлъэныр Іуэхум и ныкъэщ1, адрейр абы уригупсысэу щ1ытынырщ. Угупсысэн щ1хьэкІэ, ар махуэ къэс унагъуэм щ1эзэхэпхуэу, адэ-анэм, е адэшхуэ-анэшхуэм адыгэбзэм и хабагъ, Іэфіагъ зыхыуагъэщІауэ щ1ытын хуейщ. Ядэ-ямыдэми, адыгэбзэкІэ мыпсэльэф сабийр балигъ хъууэ унагъуэ хъужа нэужь, е1эым зэрымыщ1эм къыхэкІкІэ, и бынми иригъэщІэфырыкъым ар. Ауэ адэ-анэ щІалэхэм инджыныз1эбзэм, нэгъуэщІ хамэ къэралыбзэхэм ирипсалъэхэр мымащІэу яхэтщ, ахэр ямыщІэныр Іэмал зимы1эу къаІылъэтэри. Пэжщ, нэгъуэщІыбзэри пщІэн хуейщ, ауэ, зым Іэфіыкіэ ирату мыдрейр ехъуапсэу къэна сабийм хуэдэу, уи анэм къыбдилъхуабзэрдауэкъэзэрыбгъэнэнур?!

Пхуигъэзагъэмэ, адыгэбзэм ибгъэзагъэ мыхъун гупсысэ щ1ы1эу ди фІэщ хъуркъым. Адыгэ псалъэхэр апхуэдизкІэ купщІафІэщ, апхуэдизкІэ І1этІэлъатІэщ, апхуэдизкІэ къыщІэзэльаре итхъунщ1ыхьыжу гупсысэр къащтэри, кІуэараквэ, а адыгэбзэкІэ жы1ам къыззэщІикъуэ псор нэгъуэщІыбзэкІэ къаХуэмы1эныр къыщІыпщ1ыхуи щ1ы1эщ жи усакІуэ, тхакІуэ, драматург Іут1ыкъ Борис. Пэж дыдэу, Борис и псалъэхэм сигу къагъэкІыжащ Бгъэжьнокъуэ Барэсбий итха «Адыгская этика» жыхуи1э тхы1ым щ1ызэпкІыриха, адыгагъэм къызэщІиубыдэ, адыгэ ц1ыхум хэлъын хуей Іуэхугъуитху: ц1ыхугъэр, нэмысыр, акъылыр, лІыгъэр, напэр зищІысыр сыт хуэдэ хамэкъэралыбзэ къыбгурызыгъэІуэфынур? Арри къэгъэнауэ, а тхум ящ1ыщу зыр пхэмы1ымэ, уи адыгагъэр иримыкъуу жеІэ. Уегупсысмэ, пэж дыдэу, ц1ыхугъэ пхэмы1ымэ, напэр пфІокІуэд, напэ уимы1эмэ, укъэзыгъэувы1эн уи1экъым, зыми уемыплъу уи щ1ыхэм къихьэр пщІэмэ, укъэзыльхуэдэм и нэмысыр п1ыгъкъым, апхуэдизым ущебакъуэкІэ - ар зэрызэбгъэзэхэун акъылри уи мащІэщ.

Зи бзэкІэ мыпсэльэфыр, зи анэдэлъхубзэкІэ мыгупсысэфым и Іуэхур си нэгу къыщІэзгъэхьащ: зи фэр дахэ пхъэщ1ъэмыщ1ъэ гуэр сшхын си мураду къэсщтарэ ар кунэфу къыщ1ыщ1экІам деж сиІэ хъу щ1ытыкІэм ещ1ыщ. Ар хузбгъадэ хъунущ ц1ыхум пэжагъкІэ уб1эзэдэту, къуэщ1ыгъэкІэ ущ1ыгуп1ыу укъыщІигъапщІам деж уи жагъуэ зэрыхъум, ар мыхьэнэнщ1эу къыщ1эрыщІэкІам уи лъэр зэрыщІигъэхум. Зыгъэунэхуам сызэхищІыкІынущ.

Уи анэдэлъхубзэр пщІэнкІи зэрынасыпышхуэр къыщІыбгуриуэр а анэдэлъхубзэр зымыщІэм зелпльэта неужь. Іут1ыжым къыззэриплъытэмкІэ, апхуэдизкІэ гъащІэм хэлъытынкІэ Іэмал зимы1э зы абрагъуэ гуэр яфІэкІуэдащ, а яфІэкІуэдам и инагъри зыфІэкІуэдахэм я нэхъыбэм къагурымы1уэжу. Іут1ыж Борис и гупсысэ пэжхэу, анэдэлъхубзэм гъащІэм щиІэ увыпІэм теухуахэр, и тхыгъэхэр, сигу ирохьри, щапхъэу къ1эмыхьын схуэзфІэкІыркъым. Мис иджыри абыхэм ящ1ыщ зы. Анэдэлъхубзэм и «Іункі ыбзэ1ухьыр зыыгъри псом япэу ар сабийм езытыфІынри зралъхьха, зрапІыкІ унагъэрщ, адэ-анэрщ, ауэ щ1ыхьхІэ, зэгуэр ахэри щ1ыщІегъуэжьи, дэри абыхэм дыщІагъэкъуэнш1эжьи едмыгъащІэ ди бынхэм, гугъу дыдэ ехьурэ езыхэм иужькІэ къалъыхъуэжьыкІэ хъунум деп1ъурэ хэдыбмы1энхэ». Борис бзэр анэ п1эпъытащ жеІэ, ик1и нэхъ зыгъэпІейтейуэ щ1ытыр Іуэхугъуэхэм ящ1ыщ1. ИщхьэкІэ зэрыжьт1ащи, Іут1ыж Борис и Іэдакъэщ1экІхэм къыщІи1эт Іуэхугъуэхэм я нэхъыщхьэ дыдэу кІыльытэр анэдэлъхубзэр зэрыарар щ1эдгъэбыдэжынщ и къыхуеджэныгъэмкІэ. «Маржэ хъужьххэн, дывгъэхъумэ ди адыгэбзэ дахэр! Зи къупщхь1э тхэлъ ди адэжьхэм я хьэтыркІэ! Къыфщ1эджэ Хэкужьмы и хьэтыркІэ! Ди къэкІуэнур Іей хъунуми фІы хъунуми зэлъыта ди щ1эблэм я хьэтыркІэ!

Дунейр зэрыхъунур зыщ1эр Алыхь закъуэрэр, ауэ щ1ыхъукІэ пщ1дей дыщІагъэкъуэнш1эжьи едмыгъащІэ нобэ къытщ1эхъуэ ди щ1эблэм: къаІурыдвмыгъэ Алыхьталэм къытІурилъхьа бзэ дахэр!

Ди щ1эблэм анэдэлъхубзэр я1ырылъу къэхъунымкІэ нэхъ е1эджапІэ пажэ дыдэу щ1ыпэ унагъэрращ, Тхьэ ЛъапІэу Лъагэр фыдогъэлъэ1у: ЩЫФХЪУМЭ ФИ УНАГЪУЭМ АДЫГЭБЗЭР! ФЕПСАЛЪЭ ФИ БЫНХЭМ АДЫГЭБЗЭКІЭ! ДЫ1ЭВГЪЭПСАЛЪЭ АДЫГЭКІЭР АДЫГЭБЗЭКІЭ!»

Мы псалъэхэм арэзы утемыкъуэнкІэ І1эмал и1экъым.

Лъэпкъыбзэм и мыхьэнэм егупсысуэ ц1ыхуу Іущхэм жаІэхэмкІэ щ1эдгъэбыдэнщ Іут1ыжым и тхыгъэхэм кІыхь, анэдэлъхубзэм ехьэлІа Іуэхугъуэр. Абыхэм ящ1ыщ «Бзэр зэрыгупсысэ І1эмэпсымэщ. Апхуэдэу щ1ыщІткІэ, и бзэр кІыщІ1эмы1уэхум и гупсысэкІэр щІигъэжъкІам», «Лъэпкъым и акъылри, и гупсысэри, и псэри кІыщІыбгъэтынур и псалъэжьэращ», «Псалъэм и кІэдур Іуэнапкъэнш1эщ. И чэзум техуэу жьІа зы псалъэм шынэу щ1эпхъуэжа дзэр кІыззтрегъэувы1э, напэтехыр текІуэныгъэу хуэзрехъуэкІри, хэкур къregъэп», нэгъуэщІхэри.

ДЗЭГЪЭЛ Аскэр.

Джылахъстэней щыщ лІыхъужь

Дэтхэнэ жылэми и1эщ зэрыгушхуэ, зэрыпагэ ц1ыху телъыджэхэр. Апхуэдэхэр машІэми, гушхуэныгъэ къуат. Тэрч районым хьхьэ Астэмрей (Акъбащ Ипщэ) къуажэр зэрыпагэхэм ящ1ыщ1 Хъыщт Асльэнбэч Виталий и къуэр.

АСЛЪЭНБЭЧ пасэу дихьэхащ спортым. Бэнэн щ1ыщІдзам щ1ыгъуэ ар илъэс 13-м иту арат. Школ нэужьым Асльэнбэч зигъаСэрт, еш имыщІэу. Курыт школыр ехьулІэныгъэкІэ къыхэ нэужь ар щеджащ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал мэкъумэщ академием (иджы университетым). ЩІалэ бланэм гу лъамытэу къэнакъым ик1и еджапІэ нэхъыщхьэм и щІыхьыр ихьумэу утыку мызэ-мыт1ыу ихьащ, текІуэныгъэ кУэди къ1ихьащ.

2008 гъэм екІуэкІа Олимп джэгухэм я чемпион хъуащ Хъыщт Асльэнбэч ик1и ди республикэм и пщІэр и1этащ. 2014 гъэм къыщыщІэдзауэ ар Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм спортымкІэ и министрыщ. Спортым ехьулІэныгъэшхуэхэр щІи1эм, къ1улькъу лъагэ пэрытми, сэ сфІэгъащІэгъэнщ абы и къуажэри, и школри зэрыщ1ымы1ыпщІэр. Ар зэпымыууэ дО1эпыкъу и къуажэм щ1ыщу спорт школым кІуэ сабийхэм. Иджы дыдэ Асльэнбэч щ1ы1ащ щеджа школым, ар къэзыух ныбжьыщІэхэм ехъуэхъуну. Сабийхэм ехъуэхъуа нэужь Хъыщтым абыхэм ахъшэ саугъэтхэр яритащ: фІы дыдэу къэзыухахэм сом мин пщІыріпщІкІэ, адрейхэм сом мин тхурытхукІэ яхуэупсащ.

ЩІы1эщ адыгэ псалъэжь: «Бланэ щалъхъу мэкІуэж», - жи1эу. Асльэнбэч хуэдэхэращ ар зыхужаІэр. ЩалъхъуА, къ1ущхьуа, лъабжьэ быдэ щигъэуэта и щІыпІэр зыщигъэгъупщэркъым. Уеблэмэ яужь итщ и къуажэм и цІэр нэхъри зэриІэтыным, дэс ц1ыхухэр зэригъэгушхуэным. Сы1хуейщ апхуэдэ лІыхъужь кУэд ди республикэм диІэну. Сэ къыслъысу спорагэ, сроугушхуэ апхуэдэ ц1ыху щ1ыпкъэ ди къуажэм къ1ззрыдзкІам. Сохъуэхъу Асльэнбэч узынш1эу илъэсищэкІэ псэуну, и унагъэкІи и Іуэхуэкі зиуэзщ1ыну.

ЛЪЫІЭЩЫН Аминэ.

«Нанэ фокІэ» йоджэ

«Си сабийм абы и деж щІэныгъэ щигъэтащэрэт, ар и гъэсакІуэу, и ущ1ыкІуэу щ1ыташэрэт, щапхъэ хуэхъуащэрэт», - жыхуаІэхэм ящ1ыщ1 си ялъэ егъэджакІуэ Щэджыхьащ1э (Щыгъуий) Людмилэ Хъанэ и пхъур. Ар ц1ыху нэсщ, псэ кІабзэ зи1эщ, губзыгъэщ, щэныфІэщ.

ЛЮДМИЛЭ Щэрэдж Ищхъэрэ къуажэм къыщалъхуащ. Бзыльхъэгъэ Іэдэбыр ик1и Іэсэгъэсэр зэрысабийрэ щІэхьуэпсэщ егъэджакІуэ Іэщ1агъэм. А ехуэпсапІэм и бныр пхэ1эсынымкІэ лъэкІ кІигъэнахьыш абы и анэм. Курыт школыр фІы дыдэу кІыуха нэужь, Людмилэ Налышк дэт педагогикэ училищэм щеджащ, иужькІэ къуажэм егъэджакІуэу кІашэжащ. Школым и унафэщІэр, егъэджакІуэ нэхъыжьхэр къызэрыщ1агурЪам хуэдэ дыдэу къахущІэкІащ егъэджакІуэ ныбжьыщІэр. Зэрыпажьым хуэдэурэ, абы и Іэщ1агъэмкІэ щІэныгъэ нэхъыщхьи щызригъэгъуэтащ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым.

Сабиймрэ анэмрэ я къуэпсэр зэрызэпыщІам ещхьу, Людмилэ и псэри я1ыщІащ еджакІуэ ц1ыкІухэм. Абы иригъаджэ ц1ыкІухэр щІэх-щ1эхьыурэ хэтщ школым, районым, республикэм щекІуэкІ зэпеуэ зэмылІэужьыкІэгъэхэм ик1и увыпІэфхэр къыщ1ах.

Махуэщ1ам дэгушхуэу, къэкІуэнум егупсысу, и лъэпкъ напи насыпи и1ъуэжу дунейм тет ц1ыхущ Щэджыхьащ1э. Ар пхъуфІщ, анэфІщ, ныбжьэгъуфІщ. Абы и бынитІыр я анэм и дуней тетыкІэм иригушхуэу мэпсэуэх. «Нанэ фокІэ» къеджэу къэзрыльхъ-пхъ1ырылъхуих я1эщ зэгурыІуэрэ зэдэ1эжу псэу зэщхьгъуэхэм.

Къызбгъэдилъхьа щІэныгъэм, къысхилъхьа къыщІэнхэм папщІэ фІыщІэ ин хузощІи си егъэджакІуэм ик1и жызо1э: «КУэд къыуГащІэ, си унэтІакІуэ».

КЪЫЛЫШ Алёнэ.

Уи анэдэлъхубзэр пІурылъныр насыпышхуэщ

ИджыкІи къаэзрыхуэмыщ1эжым къыхэкІыу. Адыгэбзэм урипсэлъэныр Іуэхум и ныкъэщ1, адрейр абы уригупсысэу щ1ытынырщ. Угупсысэн щ1хьэкІэ, ар махуэ къэс унагъуэм щ1эзэхэпхуэу, адэ-анэм, е адэшхуэ-анэшхуэм адыгэбзэм и хабагъ, Іэфіагъ зыхыуагъэщІауэ щ1ытын хуейщ. Ядэ-ямыдэми, адыгэбзэкІэ мыпсэльэф сабийр балигъ хъууэ унагъуэ хъужа нэужь, е1эым зэрымыщ1эм къыхэкІкІэ, и бынми иригъэщІэфырыкъым ар. Ауэ адэ-анэ щІалэхэм инджныз1эбзэм, нэгъуэщІ хамэ къэралыбзэхэм ирипсалъэхэр мымащІэу яхэтщ, ахэр ямыщІэныр Іэмал зимы1эу къаІылъэтэри. Пэжщ, нэгъуэщІыбзэри пщІэн хуейщ, ауэ, зым Іэфіыкіэ ирату мыдрейр ехъуапсэу къэна сабийм хуэдэу, уи анэм къыбдилъхуабзэрдауэкъэзэрыбгъэнэнур?!

Пхуигъэзагъэмэ, адыгэбзэм ибгъэзагъэ мыхъун гупсысэ щ1ы1эу ди фІэщ хъуркъым. Адыгэ псалъэхэр апхуэдизкІэ купщІафІэщ, апхуэдизкІэ І1этІэлъатІэщ, апхуэдизкІэ къыщІэзэльаре итхъунщ1ыхьыжу гупсысэр къащтэри, кІуэараквэ, а адыгэбзэкІэ жы1ам къыззэщІикъуэ псор нэгъуэщІыбзэкІэ къаХуэмы1эныр къыщІыпщ1ыхуи щ1ы1эщ жи усакІуэ, тхакІуэ, драматург Іут1ыкъ Борис. Пэж дыдэу, Борис и псалъэхэм сигу къагъэкІыжащ Бгъэжьнокъуэ Барэсбий итха «Адыгская этика» жыхуи1э тхы1ым щ1ызэпкІыриха, адыгагъэм къызэщІиубыдэ, адыгэ ц1ыхум хэлъын хуей Іуэхугъуитху: ц1ыхугъэр, нэмысыр, акъылыр, лІыгъэр, напэр зищІысыр сыт хуэдэ хамэкъэралыбзэ къыбгурызыгъэІуэфынур? Арри къэгъэнауэ, а тхум ящ1ыщу зыр пхэмы1ымэ, уи адыгагъэр иримыкъуу жеІэ. Уегупсысмэ, пэж дыдэу, ц1ыхугъэ пхэмы1ымэ, напэр пфІокІуэд, напэ уимы1эмэ, укъэзыгъэувы1эн уи1экъым, зыми уемыплъу уи щ1ыхэм къихьэр пщІэмэ, укъэзыльхуэдэм и нэмысыр п1ыгъкъым, апхуэдизым ущебакъуэкІэ - ар зэрызэбгъэзэхэун акъылри уи мащІэщ.

Зи бзэкІэ мыпсэльэфыр, зи анэдэлъхубзэкІэ мыгупсысэфым и Іуэхур си нэгу къыщІэзгъэхьащ: зи фэр дахэ пхъэщ1ъэмыщ1ъэ гуэр сшхын си мураду къэсщтарэ ар кунэфу къыщ1ыщ1экІам деж сиІэ хъу щ1ытыкІэм ещ1ыщ. Ар хузбгъадэ хъунущ ц1ыхум пэжагъкІэ уб1эзэдэту, къуэщ1ыгъэкІэ ущ1ыгуп1ыу укъыщІигъапщІам деж уи жагъуэ зэрыхъум, ар мыхьэнэнщ1эу къыщ1эрыщІэкІам уи лъэр зэрыщІигъэхум. Зыгъэунэхуам сызэхищІыкІынущ.

Уи анэдэлъхубзэр пщІэнкІи зэрынасыпышхуэр къыщІыбгуриуэр а анэдэлъхубзэр зымыщІэм зелпльэта неужь. Іут1ыжым къыззэриплъытэмкІэ, апхуэдизкІэ гъащІэм хэлъытынкІэ Іэмал зимы1э зы абрагъуэ гуэр яфІэкІуэдащ, а яфІэкІуэдам и инагъри зыфІэкІуэдахэм я нэхъыбэм къагурымы1уэжу. Іут1ыж Борис и гупсысэ пэжхэу, анэдэлъхубзэм гъащІэм щиІэ увыпІэм теухуахэр, и тхыгъэхэр, сигу ирохьри, щапхъэу къ1эмыхьын схуэзфІэкІыркъым. Мис иджыри абыхэм ящ1ыщ зы. Анэдэлъхубзэм и «Іункі ыбзэ1ухьыр зыыгъри псом япэу ар сабийм езытыфІынри зралъхьха, зрапІыкІ унагъэрщ, адэ-анэрщ, ауэ щ1ыхьхІэ, зэгуэр ахэри щ1ыщІегъуэжьи, дэри абыхэм дыщІагъэкъуэнш1эжьи едмыгъащІэ ди бынхэм, гугъу дыдэ ехьурэ езыхэм иужькІэ къалъыхъуэжьыкІэ хъунум деп1ъурэ хэдыбмы1энхэ». Борис бзэр анэ п1эпъытащ жеІэ, ик1и нэхъ зыгъэпІейтейуэ щ1ытыр Іуэхугъуэхэм ящ1ыщ1. ИщхьэкІэ зэрыжьт1ащи, Іут1ыж Борис и Іэдакъэщ1экІхэм къыщІи1эт Іуэхугъуэхэм я нэхъыщхьэ дыдэу къалъытэр анэдэлъхубзэр зэрыарар щ1эдгъэбыдэжынщ и къыхуеджэныгъэмкІэ. «Маржэ хъужьххэн, дывгъэхъумэ ди адыгэбзэ дахэр! Зи къупщхь1э тхэлъ ди адэжьхэм я хьэтыркІэ! Къыфщ1эджэ Хэкужьмы и хьэтыркІэ! Ди къэкІуэнур Іей хъунуми фІы хъунуми зэлъыта ди щ1эблэм я хьэтыркІэ!

Дунейр зэрыхъунур зыщ1эр Алыхь закъуэрэр, ауэ щ1ыхъукІэ пщ1дей дыщІагъэкъуэнш1эжьи едмыгъащІэ нобэ къытщ1эхъуэ ди щ1эблэм: къаІурыдвмыгъэ Алыхьталэм къытІурилъхьа бзэ дахэр!

Ди щ1эблэм анэдэлъхубзэр я1ырылъу къэхъунымкІэ нэхъ е1эджапІэ пажэ дыдэу щ1ыпэ унагъэрращ, Тхьэ ЛъапІэу Лъагэр фыдогъэлъэ1у: ЩЫФХЪУМЭ ФИ УНАГЪУЭМ АДЫГЭБЗЭР! ФЕПСАЛЪЭ ФИ БЫНХЭМ АДЫГЭБЗЭКІЭ! ДЫ1ЭВГЪЭПСАЛЪЭ АДЫГЭКІЭР АДЫГЭБЗЭКІЭ!»

Мы псалъэхэм арэзы утемыкъуэнкІэ І1эмал и1экъым.

Лъэпкъыбзэм и мыхьэнэм егупсысуэ ц1ыхуу Іущхэм жаІэхэмкІэ щ1эдгъэбыдэнщ Іут1ыжым и тхыгъэхэм кІыхь, анэдэлъхубзэм ехьэлІа Іуэхугъуэр. Абыхэм ящ1ыщ «Бзэр зэрыгупсысэ І1эмэпсымэщ. Апхуэдэу щ1ыщІткІэ, и бзэр кІыщІ1эмы1уэхум и гупсысэкІэр щІигъэжъкІам», «Лъэпкъым и акъылри, и гупсысэри, и псэри кІыщІыбгъэтынур и псалъэжьэращ», «Псалъэм и кІэдур Іуэнапкъэнш1эщ. И чэзум техуэу жьІа зы псалъэм шынэу щ1эпхъуэжа дзэр кІыззтрегъэувы1э, напэтехыр текІуэныгъэу хуэзрехъуэкІри, хэкур къregъэп», нэгъуэщІхэри.

ДЗЭГЪЭЛ Аскэр.

ЩІэблэр еузэщІ

Анэдэлъхубзэр кууу зыхэзыщІэ егъэджакІуэм и дерсым ущІэсыну уасэ зимы1эщ. Зыбгъэдэт Іэнатіэм тезэшэн дэнэ къэна, махуэщІэр фІэщІэщ1гъуэу, сабийхэм зэрахьхьэным хуэпабгъэу апхуэдэщ зи гугъу фхуэсщ1ыну егъэджакІуэр. Ар Тэрч районым хьхьэ Инарыкъуей курыт школым и егъэджакІуэ Хьэрэдурэ Эммэ Хьэсэн и пхъурщ.

АНЭДЭЛЪХУБЗЭР гъащІэгъуэнащ1эу зыгъэбзэрабзэ Эммэ иригъэджахэм сащ1ыщ1 сэри. Къыдальхуа и бзэм и мызакъуэу, и лэжьыгъэри фІыуэ ельагъу абы, ик1и арауэ къыщІэкІынщ къыхиха Іэщ1агъэм хуэпэжу и1эс 25-м щІигъуаУэ егъэджакІуэу щІэлажьэр.

Эммэ и дерсхэр гъэщІэгъуэну еухуэ, егджакІуэхэр абы зэрыдригъэхьэхыным, я бзэр щэрыуэу, хуиту къаГъэсэбэпу ергъэсэным хущІокъу.

Егъэджэныгъэм къыдэкІуэу, Эммэ школым щрегъэкІуэкІ гъэсэныгъэ лэжьыгъэ купщІафІэ куэд. Абыхэм къиущынэмыщІауэ, пшыхьхэр, зэпеуэ зэхуэмыдэхэр егъэхъэзырри, щІэхщІэхьурэ ирегъэкІуэкІ. «СимыІамэ си Хэкур сигъэгушхуэу, сызеиншэу сытетынт дунейм», «Гъатхэ, щІалэгъуэ, лъагъуныгъэ», КІыщокъуэ Алим къызэралъхурэ илъэси 100, Щ1ОДЖЭНЦІЫКІУ Алий къызэралъхурэ илъэс 115-рэ зэрырикъум теухуа пшыхьхэр, нэгъуэщІ зэхьхэ гуапэ, щхьэпэ куэди ергъэкІуэкІащ абы. Дэтхэнэ зы егджакІуэри дерсым щекІуэкІ лэжьыгъэм дрегъэхьэхьф Эммэ, уеблэмэ игъащІэкІэ зыхуумыгъэфэщ1ну сабийхэм якъуэлъэзэчийхэри наІуэ къещІыф.

Эммэ зыхэт гупым фІы дыдэу къызэралъагъум, пщІэ лей къызэрыхуащІым къищІынэмыщІауэ, зэхьщІэхэри абы зэрыдэлъеиным, и лэжьэкІэм щапхъэ зэрытрахыным, уеблэмэ и хьэл-щэнхэм ящ1ыщ зэрызыхалъхьэным яужь итщ. Ар сабийхэм яхуохъу ныбжьэгъуи чэнджэщэгъуи. ЕгъэджакІуэ набдзэгубдзаплъэм занщІэу гу лъетэ сабийм и гукъыдэжым, абы дэрэжэгъуэ зэрептырыпну Іэмалхэри ещІэ.

Хьэрэдурэм иригъэджахэм къахэкІащ егъэджакІуэфхэр, дохутырхэр, щІэныгъэлІэхэр, ухуакІуэ І1эзэжр, нэгъуэщІхэри. И лэжьыгъэм зэрыхуэІэижьыр, щІэныгъэ кУу зэрыбгъэдэлъыр, зэфІэкІ лъагэ зэрИ1эр къалъытэурэ, Эммэ зыбжанэрэ къыхуагъэфэщащ щІыхь, фІыщІэ тхылъхэр.

Ди гуапэщ Хьэрэдурэ Эммэ иджыри илъэс куэдкІэ узынш1эу и Іэнатіэм пэрытыну.

ХЬЭТІЭХЪУ Іэсият.

Псэуну зыхуэфащэр

Сэ сатетхьхьыну сыхуейщ си гъащІэр зыгъэдахэ, си гъуэгур схуэзыгъэнэху, чэнджэщкІэ зыкъыщІэзыгъакъуэ си адэшхуэ-анэшхуэхэу Хьэхъуха Владимирэ Нинэрэ.

ЗАУЭР щІидзагъащІэу ахэр дунейм къытехьат. Я сабиигъуэм я нэгу щІэкІа гугъуехьэкІ нобэми ящ1ыгъупщакъым абыхэм. Я къару щымысхьи, я зэман емыблэжу ахэр колхозым щІылэжащ. Колхозыр щымы1эж щхьэкІэ, я Іэр зэтедзауэ Тысыжакъым, атІэ ди бынхэм зэрагъэпэщауэ нобэр къыздэсым я1эхъу.

ГъащІэм гугъуехь куэд я нэгу щІигъэкІами, ахэр ц1ыху псэ къабзэу къэнащ. Гу быдэ хуэакъым дадэрэ нанэрэ, атІэ махуэ къэс нэхъ псэ хьэлэлыж хъууэ къысщохъу. ПщІэрэ зэмысрэ зыхуэфащэ нэхъыжьыфІхэщ ахэр, адэ-анэ губзыгъэщ, адэшхуэ-анэшхуэ гумащІэщ, гъунэгъу псэкІ. Нобэ зыгуэр къызэхуІэпами, дяпэкІэ сиІэнуми, а псори си фІыщІэри си адэшхуэмрэ анэшхуэмрэщ.

Абыхэм захуэгоГаязэ мыпхуэдэ хъуэхъу псалъэхэмкІэ: «Си адэшхуэ-анэшхуэ дыщхэ, фІыгъуэ нэхъ ин ди дыдэу ГащІэ къызэрызхуэупсар фэращи, къэвгъэщІэну фи ГащІэр гуэвэгъуэнш1эу, фи нэр здэплъэм фи Іэр нэсу Тхьэм кУэдрэ фыкъытщ1эщ1ыт. ФщІэ псори щІэфащІэр дэращи, фызэхэзыщ1ыкІыкІ щІэблэ дэри Тхьэм дищІ».

ХЬЭХЪУ Лианэ.

ШЭРДЖЭС Іэсиям:

Псори зи фІыгъэр си адэ-анэращ

Шэрджэс Іэсиям Алий и пхъур Къэрэшей-Шэрджэс Республикэм и Хьэбзэ районым хыхьэ Хьэбзэ къуажэм къыщалъхуащ. Я къуажэм гъуазджэхэмкІэ и сабий школыр, Черкесск къалэм и Музыкэ училищэм фортепианэмкІэ и къудамэр, Рахманинов Сергей и цІэр зэрихьэу Дон Іус Ростов дэт консерваторэм оперэ уэрэдхэр жы Іэными кІэ и къудамэр ухихащ. Хьэбзэ къуажэм гъуазджэхэмкІэ и сабий школым щригъэджащ, а жылэм уэрэдымрэ къафэмкІэ и «Іэдиихуу» ансамбль цІэрыІуэм хэтащ. Иужьрей илъэсхэм КъБР-м и Музыкэ театрым и утыкур зыщІэбжьафІэ оперэ уэрэджыІакІуэ пашэхэм ящыщщ, «Камерата» камернэ оркестрым хэтщ.

КъБР-мрэ КъШР-мрэ щІыхь зиІэ и артисткэ Шэрджэс Іэсиям илъэс бжыгъэ дахэ щрикъум ирихьэлІэу и гъашІэмрэ и лэжьыгъэхэмрэ ятеухуа упщІэ зыбжанэкІэ зыхуэдгъэзащ.

- Іэсиям, укъыщыхьуа унагъуэм, уи адэ-анэм, къыбдалъхуахэм я гугъу уэзгъэщІынут.

- СыкъызыхэкІар адыгэ хабзэр, адыгагъэр щыІэрахьэ унагъуэщ. Лъэпкъ макъамэм сыдэзыгъэхьахар, лъагъуныгъэ хуэзэзыгъэщІар зоотехник, селектик щІэныгъэ нэхъыщхьэхэр зиІэ, Урысейм и ТхакІуэхэм я зэгухьэныгъэм хэт, КъШР-м гъуазджэхэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ, «Іэдиихуу» ансамблым илъэс пІыщІым щІигъукІэ хэта, тхылъ зыбжанэ зи Іэдакъэ щхьцІэкІа си адэ Алийщ. Си анэр Чыржьынхэ япхъущ, и цІэр Розалинэщ. Ар Ставрополь яфІэкІуаэсри, медицинэ училищэм щеджащ. Си адэ-анэр щызэрыцІыхуари аращ. Си анэр илъэс щэ ныкъуэкІэ Іэнатіэ пэрытащ, Лэжьыгъэм и ветеранщ. Пшынауэ Іэзэщ, пщэдджыжькІэрэ я Іэмэпсымэр къищтэри, макъамэ дахэхэм дыщІигъэдэІуэрэ дыкъигъэтэджу зэрыщытар нобэми си нэгум щІэтщ. ГуфІэгъуэ зэхьхьэ дыщІэкІэ папэ - шыкІэпшынэ, мамэ - пшынэ, сэ - пианинэ доуэ.

Си анэмкІэ си адэшхуэ Чыржьын Хьусин Зеикъуэ хуэзащІ зэгъэкІуэ уей жезыгъэІэ джэгуакІуэшхуэу дэсащ. Къардэнгъуэ Зырамыкъу и тхыгъэхэм си адэшхуэм и лэжьыгъэхэм я гугъу щищІащ. «Кулак» цІэр зыфІащу си мылъкур зытракъыу я щыІэм ирагъэкІахэм ящыщщ ар. Зеиншэу къэна урыс зэдэлъхуэзышпхъу цІыкІуитІ и деж пІалъэкІэ зэрыщигъэІам и фІыгъэкІэ ямыукІыу къелащ. Гугъу ирагъэхьами, гукъыдэж иІэу и адыгэ лъэпкъым хуэлэжьащ. И уэрэдхэр радиом и фондым кхъухэнащ.

Си анэжьыпхъхэм я гугъу пщІымэ, дзэпхъиущ сиІэщ, щхьэгъуэсэ, бын яІэжу унагъуэ хъарзынэу мэпсэухэр. Си дэлъху нэхъыжь Аслъэн МКъУ-м и юридическэ факультетыр кьиухащ. Ищхьэгъуэсэ Жамбэч Жаннэ дзэ дохутырщ. Абыхэм бынилл (къуитІрэ пхъуитІрэ) яІэщ, зэрыунагъуэу Москва щопсэу. Сэ къыскІэлъыкІуэ СультІан Урысейм бэнэкІэ хуитымкІэ спортым и мастерщ. Иджыпсту «Газпром»-м щолажьэ. И щхьэгъуэсэ Абыкъу Зарифэ филологщ, урысыбзэмрэ литературэмкІэ ирегъаджэ. Ахэри Москва щопсэу, къуитІрэ зы пхъурэ яІэу. НэхъыщІэ Беслъэн КъБКъУ-м и юридическэ, спорт факультетхэр кьиухащ. И щхьэгъуэ Хьуэжэ Мадинэ и Іэщ1агъэкІэ экономистщ. Налшык дэсхэщ, къуитІрэ пхъуитІрэ зэдаІ. Ахэр нэхъ спэгъунэгъущи, концерт стыну зыщІыпІэ сеижьми сыкъэкІуэжми къысепэплъэу, Беслъэн сыт щыгъуи къысепежьэу апхуэдэщ.

Си дэлъхуэхэм я бынхэм я зэфІэкІхэм, ехьулІэныгъэхэм сроГушхуэ, сроГуфІэ, сроин, жыпІэнурамэ, сыадэ шыпхъу насыпыфІэу зыизолъытэж.

- Уи анэр Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщми, укъыщыхъуа, уи адэ-анэр щылпсэу республикэр къыхэбнэкІыу ди щІыналъэр псэупІэ зэрыпщІар сфІэгъэщІэгъэунщ...

- Ростов дэт консерваторэр къыщыдухым екІуэкІа гуфІэгъуэ пшыхьым и утыкум ситу гу къысІэлыята Гъэсашэ Наталье Налшык и Музыкэ театрым сыкъригъэблэгъащ.

Къыхэзгъэщыну сыхуейщ сезыгъэджа профессор Мазун Борис (ахърэт нэху Тхьэм кърит) абы и лъэныкъуэкІэ хуабжу гугъу зыкъызэрыздригъэхьар. Аспирантурэм сыщІэтІысхьэу си щІэныгъэм хэзгъэхъэн мурад сиІэти, си егъэджакІуэм чэнджэщ къызэритащ еджапІэм сыщІэмыгІысхьэу Къэбэрдей-Балъкъэрым ыщыскхуагъэлъагъуэ Іэнатіэм арэзы сытехьэну, лъэпкъ макъамэ гъэузджэм хэлъхьэныгъэ хуэсщІыну. КъищынэмыщІауэ, си дэлъху Беслъэн Налшык щыІэт, КъБКъУ-м щеджэу. Си адэ-анэр щыпсэури апхуэдэу жыжьэтэкъым, сыкІуэжу слъагъуну Іэмал сиІэти, абы арэзы сытехьэуащ. 1994 гъэм Налшык сыкъыщыІэнхъуам, Музыкэ театрым и лэжьакІуэхэр, срашыпхъум хуэдэу, гуапэу къысІущІащ.

- Іэсиям, уэрэд жыІэным ухуэзыгъэджа, абы и лъэныкъуэкІэ щапхъэ пхуэхъуа цІыху щыІэу къыщІэкІынщ дауи...

- Консерваторэм сыщыщеджа зэманым кхуирыбыдэу егъэджакІуилл зэсхъуэкІащ. Ауэ нэхъ гугъу къызэдехьар ищхьэкІэ зи цІэ къисІуа, илъэс куэдкІэ къызэдэлажьа си егъэджакІуэ Мазун Борисщ. Лъэпкъ уэрэд зГъэзэщІауэ сыщыщэжиІэм, си адэшхуэм игъэзащІэу щыта «Си нанэ дыщэм», нэгъуэщІхэм егъэдэІуащ икІи си макъыр абы хуэщІауэ къилъытащ. Адрей си егъэджакІуэхэм си лъэпкъ уэрэд жыІэкІэ академическэм хуамыгъэкІуэфу гугъу ехьащ. Ящыныкъуэхэм лъэпкъ уэрэд жызыІэхэм оперэ ямыгъэзащІэфыну къальытэми, сэ къысщыхэпэжар адыгэ уэрэдхэр зэрыжысІэрщ.

- Ущыджэгуа спектаклхэмрэ опереттэхэмрэ, бгъэзэщІа оперэхэм нэхъ гугъу уэзыдехьа яхэт?

- Къыхэзгъэщыну сыхуейщ зэгъэзэщІа дэтхэнэ зы лэжьыгъэри си гъащІэм щыщ Іыхьэ, пычыгъуэ зэрыхъуар, сигу кьынэжа къудей мыхъуу, си гъащІэм, си лъым зэрыщэжыпсыхьар. Ауэ нэхъ гугъу сызыдехьам и гугъу пщІымэ, ар сыхьэтщІра ныкъуэкІэ екІуэкІ, Молэ Владимир и «Къамботрэ Лацэрэ» оперэм Лацэ и партиеращ. Иджыпсту хуэдэу микрофоныфІхэр абы щыгъуэм дилакъым. Театрым и акустикэр хуэбжу пльэхьщэт. Къэбгъэльэгъуэмэ, Фырэ Руслан игъуэва «Евгений Онегин» оперэр япэу щыдгъэльэгъуам Москва къыкІэ журналистхэм ятхауэ щытат Музыкэ театрым акустикэ зэпимыІэми емылъытауэ, оперэр зыгъэзэщІахэм я макъыр фІыуэ зэхэпхьу, ехьулІэныгъэ яІэу лъжьыгъэр къагъэльэгъуэн Яхуэзфі экІащ жаІэр. Абы гугъу дызэрыдехьами гу къыльатащ. УрысыбзэкІ щыжьпІэм нэхърэ, оперэр адыгэбзэкІэ щыбгъэзащІэкІэ тэмакъыр хуабжу нэхъ гугъу ирегъэхь. Абы иужькІэ мазэм щІигъкІэ си тэмакъым зиужащІыжу, и пІэ иувэжу аращ. Итіанэ, дызыкъыграгъэджа оперэ гъэзэщІэкІэмрэ адыгэ оперэ жыІэкІэмрэ хуабжу зэщхьэщокІ, гъунэгъуу зэкІуалІэркъым. Тэмакъыр абы гугъу зэрыригъэхьам кхъухэкІыу адыгэбзэкІэ оперэ щыжьпІэкІэ нэхъ лъахъшэу бгъэзэщІэн хуей мэхъу. Ауэ абы кхъикІыркъым Лацэ и партиер сигу иримыхьу. Гугъу дыдеХьами, а лэжьыгъэр цІыхум я гум дыхьэу къыдэхъулІащ. Ар телевиденэм и фондым кхъухнащ.

- Мы зэманым сыт хуэдэ лэжьыгъэ зи ужь уитыр?

- КъБР-м ЩэнхабзэмкІэ и министерствэм и чэнджэщкІэ, си бенефисыр бжьыхьэм тедухуащ. Аращ иджыпсту нэхъыбэу зи ужь ситыр. Абы си стхауэ уэрэдилл хэтщ, абыхэм ящыщ зыр си адэ-анэм яхуэзусащ. Хьэлупэ Джабрэ1ил, Жырыкъ Заур, Къул Амир сымэ ятха уэрэдхэри хэзгъэхэнущ. Иджыри нэгъуэщІ адыгэ уэрэдхэм селэжьу программэм зезгъэубгъуну си мурадщ.

КъызэхъулІэмэ, «Камерата» камернэ оркестрми зы пшыхь дэсщІыну си гугъэщ, классикэ макъамэм дихьэхэзм абдеж нэхъ я нэгу зыщедгъэужьын хуэдэу. ДрэпэкІэ адыгэ макъамэ гъуэзджэм нэхъ зестыну, лъэпкъым сыхуэлажьэну си мурадщ.

- «Камерата» камернэ оркестрым илъэс зыбжанэ хуэдэу уэзрыхэтми и гугъу уэзгъэщІынут, Іэсиям.

- Темыркъан Пётр зи художественнэ унафэщІ «Камерата» камернэ оркестрым сызэрыдэлажьэрэ илъэс 21-рэ мэхъу. 1995 гъэм «Евгений Онегин» оперэр утыку къыщитхьам, Темыркъан Пётр сызэхихри, и гупым сригъэблэгъауэ щытащ. Абы лъандэрэ си гуапэу сыдолажьэ. Итіанэ филармонием и оркестрым и художественнэ унафэщІ Темыркъан Борис фІыщІэшхуэ хуэощІ. Оркестрым хэтхэм зэгъэсу дгъэхьэзыра лэжьыгъэхэр Москвае Ярославль тшауэ щытащ икІи куэдым ягу дыхьащ, я гуапэу къыздэсІуащ. Итіанэ, си насыпкъихьри, Темыркъан Юрий зи унафэщІ Академическэ симфоние оркестрым и гъуэсу Чайковский Пётр и цІэр зэрикъу Москва дэт консерваторэм щекІуэкІа «Симфония Кавказа» лэжьыгъэм сыхэтащ. Апхуэдэу къыхсуагъэлъагъуэ Іэхуэхэм сфІэфІ дыдэу сыхохьэ.

- Іэсиям, уэркІэ щапхъэ, хьэлщэнкІэ пІэгъунэгъу цІыху гъэщІэм ущрихьэлІагъэнщ, дауи...

- Псом япэрауэ, си адэ-анэм я зэхуэщытыкІэ дахэр сэркІэ щапхъэщ. Адыгэ цІыхубзыр дунейм зэрыстетын хуейм теухуауэ гъуаз схуэхъуащ си анэшхуэ Уэзы Мадинэ. Абы и макъым зригъэІэтауэ, е цІыху пэпсэлъэжу, е мыхъумыщІэ жиІэу срихьэлІакъым. Курыт еджапІэм сыщыщІэса зэманым си гъэмахуэ мазищ зыгъэпсэхугъуэхэр Зеикъуэ къуажэм щесхьэкІыу щытащ. Нанэ щабэу зэрыпсалъэр си гум кьынэжащ икІи нобэми сечэнджэщарэт жьсІэу зэслъхьэуэу апхуэдэщ.

Пуэздджэл и гугъу пщІымэ, оперэ уэрэджьІакІуэ цІэрыІуэ Каллас Марие и творчествэм сыдехьэх. Абы и уэрэд жьІэкІэр, утыку итыкІэр, образ къэгъащІыкІэр хуабжу сигу дохьэ.

- Артист, уэрэджьІакІуэ ущыхъыкІэ, щІыпІэ куэдым укІуэну, концертхэр щыпыну ныкъуохуэ. Уэдэщыпа щІыналъэхэм ящыщу нэхъ уигу кьынэжаращ я гугъу къытхуэщІыт.

- Урысейм и къалэ куэдым щеІуэкІа щэнхабзэ зэхьхьэхэм, фестиваль куэдым дыхэтащ. Апхуэдэу хамэ къарал куэдым ящыщІыкІа, Адыгэ унэ» тыкуэнкІэ зей ІутІыж Мэжид 2007 гъэм Тырку дишауэ щытащ. Іэфіу сигу кьынэжахэм ящыщщ 2009 гъэм Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ, «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ Хьэфіыщ1э Мухьэмэд, Іутіыж Мэжид сымэ ди нэхъыжьу Израильм дыкІуэуэ зэрыщытар. Рихьэние, Кфар-Камэ, Иерусалим, Тель-Авив жьІэмэ, щыпІэ куэдым дыщыІащ. Согуэ Данил итха «Адэжь щІыналъэ» эрэздыр япэ дыдэу Рихьэние щыжьсІащ, а къуажэм и цІэр хэзгъэувэри. Ар концертым кьрихьэлІахэм гуапэ ящыхъунтэкъэ?? ІэгуаущхуэкІэ дАІэтауэ щытащ.

Адыгэхэр дуней псом тепхъа хуэмари, я зыІыгъыкІэкІэ зэрызэхъумэжьым и щыхьэт куэд а щІыналъэхэми ди нэгу щыщІэкІащ. Концерт нэужьым дыздэкІуэ шхапІэм щІэт щІалэм сыщеплІым, хьэрыкъэмэ журтхэмэ ар зэращымыщым гу лъыстащ. Ди нэхъыжьхэр абы щепсалъэм, гурыІуэгъуэ хуэщ ар Мысырым щыІа адыгэ мамлюкхэм зэращІэблэр.

Абы щыслъэгъуэщ нэхъ гъэщІэгъэн сщыхъуахэм ящыщщ я унэхэр адыгэ ухуэкІэу зэрыщытыр. Кфар-Камэ музей дахэ щаухуащ, адыгэ хьэпшыпхэр, Іэмэпсымэхэр, дыжьынэхІхэр, дыщэхэкІэр щызэхуэхьэсауэ.

Хамэ къарал щыпсэухэмрэ экхужьым ис адыгэхэмрэ ди зэпыщІэныгъэм фІыгъуэ куэд къыдоІуэ, ди лъэпкъэгъуэ хэзэхэр псы ихуэпІам хуэдэу къытхуэныкъуэщ. Ахэр ди щІыналъэм пІалъэкІэ къыщыкІуэжкІи я деж щыщеблагъэкІи гупсэхугъуэ яГыэт.

- Ди упщІэхэм жъуап къызэрептам папщІэ фІыщІэ пхуэощ, Іэсиям. Уи адэ-анэм я жьаІэм ущІэту дяпэкІи уефІэкІуэну, зыбжьыбу ди гуапэщ.

Епсэлъар

ТЕКІУЖЬ Заретщ.

● Футбол

Япэ лъэбакъуэр сыт щыгъуи тыншкъым

«Спартак-Налшык» (Налшык) - «Кубань» (Краснодар) - 0:0. Налшык. «Спартак» стадион. Бадзэуэгъуэм и 11-м. ЦІыху 4000 ельащ.

Судьяхэр Федотов (Мэзкуу), Жвакин (Ленинград область), Шимарыгин (Сосновый Бор).

«Спартак-Налшык»: Антипов, Соблыр, Мэкъуауэ (Семёнов, 70), Дашаев, Мурачёв, Войнов (Каркаев, 75), Багъэтыр (Балькъэр, 85), Ахриев (Крамаренкэ, 62), Дроздов, Гугуев, Бажэ.

«Кубань» (Краснодар): Дюпин, Байрыев, Бугаев, Гапон, Марков, Армаш, Смирнов, Олейник, Маляров (Завезён, 64), Майрович (Обухов, 74), Ильин (Хубулов, 83).

Дагъуэ къыхуащІащ Марковым, Багъэтырым, Соблырым.

ИЛЪЭСИТХУМ нэблэгъащ «Спартак-Налшыкымрэ» Краснодар и «Кубань»-мрэ Урысей Федерацэм футболымкІэ и зэхьэзэхэм зэрыщызэхэумызэрэ. 2011 гъэм фокІадэм и 25-м аХэр иужьу Къэбэрдей-Балъкъэрым и къалащхьэм щызэздзэжгуат икІи хьащІэкІэ 1:0-у текІуат. Мыгувэу «Спартак-Налшыкым» премьер-лигэр ибгынащ икІи нобэрей зэхъэрэзэгъуэхэм я гъуэгур зэкІищІэкІащ. Мис иджыдаргуэряпэдивизионым щызэхуэзэжащ. Хьэлэмэтращи, мазитІ иримыкъу и пэкІэ «Спартак-Налшыкымрэ» «Кубань»-мрэ шурэ лъэсрэ я зэхуакут: краснодардэсхэр къэралым и гуп нэхъыщхьэм щыджэгурт, ди щІалэхэр етІуанэ дивизионым хэтт.

Иджы зэхуэдэ хъужащ. Апхуэдэу щыт пэтми, япэ дивизионым зыхьыхьа зэхьэзэхуэм щызэхуагъэувыж къалэнхэр кхуідэ зэщхьэщокІ. «Кубань»-м перфект-лигэм зэригъэзэжнымк и къару псори тригъэкІуэдэнущ икІи абы зэрыхэтыфи мылъку и1эщи, иджы щыщІэдзауэ тренерхэмкІи футболистхэмкІи зигъэльэщащ. «Спартак-Налшыкым» апхуэдэ Іэмал иІэкъым. Уеблэмэ екъуІэныгъэшхуэу къэпльытэ хъуну къыщІэкІынщ 2016-2017 гъэхэм я зэхьэзэхуэр икІэм хунэгъэсмэ. Щхьэусыгъуэр апхуэдизрэ ешІэ ефІэкІыныгъэкІэ иджы зыхьыхьэж япэ дивизионым къыщыхэкІыжащ - КалининградкІэ къыщыщІэдзауэ Владивосток нэс ди къэралым и щІыпІэ жьыжьэхэм зыщызыубгъуа зэпеуэм я яхэрхэрэгъуэхэм щІэзыкІуэну ахъшэрэ Урысейм Федерацэм къарукІэ щыІэтуанэ топлжэгу гупым хуэфащэну хэтын папщІэ футболист Іэзэхэр къызэрырашэлІэн мылъкурэ зэрахуримыкъурэ. Абы ику иту сом мелуан 300-350-рэ илъэсым текІуэдэфынущ. Апхуэдизу Къэбэрдей-Балъкъэрым къыздрихинур гурыІуэгъуэкъым.

Япэ дивизионым текІуадэ мылъкушхуэр кхъызэхьэлъэкІыр «Спартак-Налшыкым» и закъуэкъым. Ар яхуэмыгъэкъаруэ илъэс зэмылІэужьыгъуэхэм я гупым езыр-езыру кхъэкІыжьи хуей хъуащ Владикавказ и «Алания»-р, Волгоград и «Ротор»-р, Элиста и «Уралан»-р, нэгъуэщІ куэдИ. ХэкІыпІэр апэ дивизионыр гупищу зэпыудыныкІэ, зыхиубдэ щІынальэм зэхьэзэхуэр командхэм щрагъэкІуэкІыу. Апхуэдэ гупсысэ Іэщ1агъэлІэм кхъэзэрыхьэрэ куэд щІащ, арщхьэкІэ хуэфащэ унафэ нобэр кхъздэсым игъуэтакъым. Аращи, щхьэж зэхуэзэхэкІкІэ щытыкІэм кІыкІын хуейуэ аращ, зэхьэзэхуэм спортым и лъэныкъуэкІэ хэлъын хуей купщІэр абы трагъэкІуэдэну мылъкур хъэлъыхъуэным щІиуфэу.

Иджыблагъэ премьер-лигэм хэта «Кубань»-м и дежкІэ зи гугъу тщІа гугъуехьэр апхуэдэуи хьэлъэхъум, зи щІэкІэ утыку и Краснодар крайр хуабжу зэрыкъулейм кхъэхэкІыну. Тенджьэ ФІыщІэ Іуфэм зыгъэпсэжакІуэ кІуэжьи абы ахъшэу кьранэ къудейм щІэн ГъуиИ и1эжьым. Аращи, футболым трагъэкІуэдэнури ящыкъэлъэкІыркъым. «Спартак-Налшыкым» и хьэрхуэрэгъуэхэм ягиГэ ывыфынур хъужьащ-гъымрэ абы хэтхэм я псэемыблэжьынымрэ зэрыщІэкІ. БлэкІа зэІущІэм кхъэзэрригъэлъэгъуащи, ди щІалэхэм кхикІуэтыну загъэхьэзыркъым.

Джэгум налшыкдэсхэм я ебгъэрыкІуэныгъэхэмкІэ кхъщІидзащ. Куэд щІауэ апхуэдизу цІыху здэмыщІа «Спартак-Налшыкым» и футболистхэм яльэкІ кІагъэнакъым стадионым къыщызэхуэса цІыху минхэр яГъэгушхуэн, абыхэм дэрэжьагъуэ иратын папщІэ.

Нэрылъагъэ премьер-лигэм хэта «Кубань»-м и дежкІэ зи гугъу тщІа гугъуехьэр апхуэдэуи хьэлъэхъум, зи щІэкІэ утыку и Краснодар крайр хуабжу зэрыкъулейм кхъэхэкІыну. Тенджьэ ФІыщІэ Іуфэм зыгъэпсэжакІуэ кІуэжьи абы ахъшэу кьранэ къудейм щІэн ГъуиИ и1эжьым. Аращи, футболым трагъэкІуэдэнури ящыкъэлъэкІыркъым. «Спартак-Налшыкым» и хьэрхуэрэгъуэхэм ягиГэ ывыфынур хъужьащ-гъымрэ абы хэтхэм я псэемыблэжьынымрэ зэрыщІэкІ. БлэкІа зэІущІэм кхъэзэрригъэлъэгъуащи, ди щІалэхэм кхикІуэтыну загъэхьэзыркъым.

Джэгум налшыкдэсхэм я ебгъэрыкІуэныгъэхэмкІэ кхъщІидзащ. Куэд щІауэ апхуэдизу цІыху здэмыщІа «Спартак-Налшыкым» и футболистхэм яльэкІ кІагъэнакъым стадионым къыщызэхуэса цІыху минхэр яГъэгушхуэн, абыхэм дэрэжьагъуэ иратын папщІэ.

Нэрылъагъэ хъэщІэхэм я Іэзагъэр зэрынэхъ лъагэр. Сыти жьІи, премьер-лигэм кхъызэрыкІыжрэ дэкІа щІыпІэкъым икІи абы щекІуэкІа бзэнэныгъэгъэщІэхэм щыужакъым. Ди щІалэхэр нэхъыбэу зыхущІэкъуэр я гъуэр зэрахъуэнрат.

Лъэныкъуэхэр зэхуэфащэу зэпэщІэтащ. Дэтхэнэми бжьыгъэр кхъызэІуихыну Іэмал иІами, 0:0-у джэгур ихащ. Зэхьэрэгъэрэгъуэр абы арэзы кхъищІауэ фэ ятетт.

Иджы фыщыдгъэгъуэзэнщ Урысей Федерацэм футболымкІэ и япэ дивизионым 2015 - 2016 гъэхэм щызэхэта пэщІэдзэ джэгуГъуэм кхъикІуа бжьыгъэхэм: «**Енисей**» (Красноярск) - «**Нефтехимик**» (Нижнекамск) - **1:0**, «**Динамо**» (Мэзкуу) - «**Тюмень**» (Тюмень) - **3:0**, «**Балтика**» (Калининград) - «**Шинник**» (Ярославль) - **1:0**, «**Зенит-2**» (Санкт-Петербург) - «**Сокол**» (Саратов) - **1:1**, «**Волгарь**» (Астрахань) - «**Факел**» (Воронеж) - **1:2**, «**Луч-Энергия**» (Владивосток) - «**Мордовия**» (Саранск) - **1:0**, «**Спартак-2**» (Мэзкуу) - «**Сибирь**» (Новосибирск) - **0:0**, «**Тосно**» (Тосно) - «**Химки**» (Химки) - **1:1**, «**Тамбов**» (Тамбов) - **СКА** (Хабаровск) - **3:1**.

КъыкІэлъыкІуэ джэгуГъуэр япэ дивизионым бадзэуэгъуэм и 16-м щызэхэтыщ. А махуэм «Спартак-Налшыкыр» Воронеж къалэм «Факел»-м щыІуэдзэнущ.

ЖЫІЛАСЭ Заурбэч.

● Гу зылъытапхъэ

Гъэмахуэ зэманым лажьэ школ

Илъэс 30-кІэ Америкэм щылажьа егъэджакІуэм инджылызыбзэкІэ хуиту фытхэу, фыкъеджэу икІи фыпсалъэу фригъэсэнущ

Ар ядолажьэ:

- зи ныбжьыр илъэси 8 - 15-м ит сабийхэм;

- студентхэм, балигъхэм, бизнесменхэм.

Курсым зезыгъэтхъэр тхьэмахуэм щэ къекІуэлІэнущ, тхьэмахуэ зэхуакуэ 5-кІэ еджэнущ.

Инджылызыбзэ зыдджыну хуейхэр 8-967-417-78-85 телефонымкІэ фыпсалъэ хъунущ.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФІЫЦІЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр

ЖьэкІэмыхъу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и япэ къуэдзэ - жэуап зыхь секретарь), **Жылаесэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Мариэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Кьэшокъуей Маритэ, НэщІэпыджэ Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, ЩІхьэщэмыщІ Иэ.**

Езыгъэтхаэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкІэжьмрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редакторэ нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ ІуэхуэхэмкІэ - 42-22-86; кхуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъуэмэ Іуэхуащ1апІэхэм ядэлэжьанымкІэ - 42-60-53; хъыбарыщІэхэмкІэ, спортымрэ письмохэмкІэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 40-15-31; зэдзэкІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтериемк - 40-69-32; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іэнатіэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжьыгъэхэм, къыщІэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкІэ аэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху ептыкІэр зэтеухуэ зэпыту щытхъым.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьынымр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр І994 гъэм мэкъуогъуэгъуэм и 14-м Печатым и хутныныгъэр зыхьэнымкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ Іуэхущ1апІэм №Н-0065-м щІэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокІ.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.

КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33

Мы къыдэкІыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **Къаншокъуэ Эльэ,** *редактору* **Ныбжьэ Таисэ,** *корректорхэу* **Щоджэн Заирэ** *(3, 4-нэ нап.),* **Нэужьокъуэ Заирэ** *(1, 2-нэ нап.). КомпьютерКІэ газетым и тепльэр ящІащ* **Дол Маринэ, Ныр Саидэ, Щомахуэ Марианэ, Мэлбэчъуэ Анжелэ, Бещто Оксанэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Къарей Элинэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Іэнатіэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531● Тираж 3.538 ● Заказ №978